Iэмалхэр къалъыхъуэ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Кыщпэк и Iуащхьэхэм яхъумар

4-нэ нап.

Дыщэ медалу тIу

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№104 (24.854) • 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 28, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

СыткIи хуэхьэзыру щIадзэж

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоэпыщIэныгъэ Iэмалым тету хэтащ Урысейм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныкIэ IэнатIэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырым теухуауэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

ЗЭХУЭСЫМ щедэIуащ а Iуэхум теухуауэ Урысейм ЩIэныгъэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэхэм, Рособрнадзорым, Роспотребнадзорым, УФ-м и МЧС-м, МВД-м, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм жаIахэм. Абыхэм къыхагъэщащ къэралым цIыхухэм щIэныгъэ щрат и IуэхущIапIэхэр гъэ еджэгъуэщIэм лэжьэным зэрыхуэхьэзыр щIыкIэр къэпщытэным пыщIа Iуэхухэр зэрызэфIэкIар. Сабийхэр ирагъэджэн щхьэкIэ зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэблэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэу 380-рэ щыIэщи, 263-р школщ. Абыхэм ящыщу плIыр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж, адрейхэр хуэхьэзырщ я бжэхэр сабийхэм зэрыхузэIуахыжынум. ШколыщIэхэр зэраухуам, щыIэхэр зыхуей зэрыхуагъэзэжам я фIыгъэкIэ школ псоми я процент 90-м екIуалIэхэр пщэдджыжьыкIуэу щытынущ. ЕгъэджакIуэ мини 10,2-рэ щолажьэ абыхэм.

ФокIадэм и 1-м еджапIэхэм щекIуэкIынущ цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэм и лэжьакIуэ пажэхэр, адэ-анэхэр, властым и къэрал, муниципальнэ органхэм я лIыкIуэхэр зыхэт гуфIэгъуэ зэхуэсхэр. Мы гъэм еджапIэхэм екIуэлIэжынущ школакIуэрэ студенту мини 123-рэ, абыхэм ящыщу мин 11-р япэ классым щIэтIысхьэхэрщ.

ЕджапIэхэм я библиотекэхэр тхылъхэмкIэ нэсу къызэгъэпэщащ, псори зэхэту экземпляр мелуан 1,5-м щIигъу яIэщ. ЕджапIэхэм егъэбыдылIа автотранспортым и парк яIэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIи 165-м щIэс сабийхэр абыхэм ирашалIэ, псори зэхэту автобусхэр 217-рэ мэхъу. Ерыскъы пщтыркIэ къызэрагъэпэщынущ сабий мин 70-м щIигъур. Спортым епха къудамэхэри я лэжьыгъэм хуэхьэзырщ - спортзал 254-рэ, спортклубу 99-рэ щыIэщ.

КъимыдэкIэ, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтын и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зытетым, еджапIэхэм лицензэхэр яIэным, сабийхэм фэбжь ямыгъуэтыным, абы гъуэгухэм къыщыхъухэри яхэту, телэжьэным.

Республикэм ифI дэзыгъэкIхэр

Ди республикэм къыбгъэдэкIыу Федеральнэ Зэхуэсым хэт сенатор Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.

АХЭР тепсэлъыхьащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыкIэм, лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм, къэрал, щIыналъэ программэхэр узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, спортым, щэнхабзэм щхьэпэ зэрахуэхъум.

«Федеральнэ Зэхуэсым щыIэ ди лIыкIуэхэр сытым дежи хабзэубзыху лэжьыгъэм хэтщ, щIыналъэм ифI къызэрыкIын жэрдэмхэр къэрал утыкум щытхупхагъэкIыу. Дауи, цIыхубэм я Iуэху щыдагъэкI лъэныкъуэм нэхъреи нэхъ лъагэ абыхэм яхэткъым, - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и напэкIуэцIым. - Арсен Башир и къуэм и гупыжкIэ зетхьэн щIэддзауэ щытащ Дубки хьэблэм щыIэу, гум щеIэзэ диспансерыр - Медицинэм къыхьэ технологиещIэхэр къыщагъэщхьэпэ республикэ IуэхущIапIэм и къудамитIым я зыр. Щхьэж къыщалъхуа республикэр зыхуей хуэзыгъазэу Къэрал Думэм хэт депутатхэми сенаторхэми апхуэдэ хэлъхьэныгъэфIхэр ядыболъагъу. ДяпэкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэбэп къызэрыкIыну, цIыхубэр зыхуей хуэзыгъэзэну Iуэхухэр жыджэру зэфIэдгъэкIынущ».

ТыншыпIэ псори щыIэн хуэдэу

«Дубки» хьэблэм щыIэ сымаджэщ къалэ цIыкIур зэIуэзэпщ щIыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым зыщигъэгъуэзащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ГУ, жьэн узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ диспансерхэм къедза автомобиль гъэувыпIэхэр, щхъуантIагъэ гъэкIыпIэхэр зыхуей хуагъазэ мы зэманым. Мыбдежым лъэс зекIуапIэхэри щащIынущ, жэщ уэздыгъэхэри щыфIадзэнущ.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэсырыкIуэхэм, автомобилхэм, псом хуэмыдэу, сымаджэхэр къызэрырашэкIхэм, папщIэ тыншыпIэ псори мы щIыпIэм къыщызэгъэпэщыным.

Унафэ къащтащ, Щоджэным и цIэр зезыхьэм къыщыщIэзыдзэу Кардиологие центрым, Сабийм и унэм, адэкIэ - лыших узыр зыпкърытхэр щагъэхъуэжыну яухуэ унэм, нэгъуэщIхэми екIуалIэ Малэ уэрамри зэIузэпщ ящIыну.

ДяпэкIи я нэIэ трагъэтынущ

Автомашинэхэмрэ цIыхухэмрэ щызэхэзекIуэ гъуэгухэм къэралым гулъытэшхуэ яхуещI, абы экономикэ зыужьыныгъэр зэрепхар къыхэплъхьэжмэ, нэхъыщхьэу и нэIэ щIэтхэм ящыщ мэхъу. Иужьрей илъэситIым кърихубыдэу къэрал программэ зэмылIэужьыгъуэхэм я фIыгъэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэмрэ зекIуапIэхэмрэ хэпщIыкIыу ефIэкIуащ, куэд дыдэ зэрагъэпэщыжащ икIи къагъэщIэрэщIэжащ, къапщтэмэ, гъуэгу щIэуэ зыхуащIа щIыпIэхэри мащIэкъым. А лэжьыгъэр 2025 гъэми зэпыуркъым. Апхуэдэу гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу щIыналъэм гулъытэ хуэха хуещI курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм екIуалIэ гъуэгухэм.

ГЪУЭГУУХУЭХЭМ къызэрыхагъэщымкIэ, цIыхум и шынагъэншагъэр абы бгъэдэплъхьэ щIэныгъэм дежщ къыщежьэр. Сабийхэм гъуэгум зэрыщызекIуэн хуейм ехьэлIа хабзэхэр къызэпкърызых дерсхэр щIэх-щIэхыурэ къыхузэрагъэпэщ, псалъэмакъхэм къыщымынэу, нэрылъагъу лэжьыгъэхэри драгъэкIуэкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэр къапщтэмэ, ахэр цIыхухэр нэхъ щызэхэзекIуэ, уэрам зэблэкIыпIэхэр щынэхъыбэ, дыхьэпIэ-дэкIыпIэхэр мымащIэу здэщыIэ щIыпIэхэм щыIэщ. IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, курыт еджапIэ куэдым я Iэгъуэблагъэм гъуэгу хабзэхэм я дамыгъэхэр щыгъэуващ. Зы лъэныкъуэкIэ, цIыкIухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ а Iуэхум мыхьэнэшхуэ егъуэт, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, а щытыкIэр сабийхэм нэрылъагъуу дерс ептыным и фIагъышхуи къокIуэ. Мис а щхьэусыгъуэхэмрэ гъуэгу зекIуапIэхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ зэхэлъхьэжауэ, еджэгъуэщIэм щIимыдзэж щыкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIиблым курыт еджапIэхэм екIуалIэ гъуэгухэм лэжьыгъэшхуэ иращIылIэ. Къэралым щызекIуэ техникэ мардэхэм хуагъэкIуэж гъуэгухэр километр 15 мэхъу.

Александровскэ къуажэм (Бжэкъалэ) и Первомай уэрамым тет пэщIэдзэ еджапIэмрэ курыт еджапIэмрэ екIуалIэ гъуэгухэр зэрагъэпэщыжащ, гъуэгу дамыгъэхэмрэ зэпрыкIыпIэхэмрэ къыхагъэщыжащ.

Нейтринэ къуажэм дэт курыт еджапIэмрэ Нейтринэ обсерваторэмрэ зэпэмыжыжьэу зы щIыпIэм итщ. Абыхэм екIуалIэ гъуэгур зыбжанэ лъандэрэ кумблIэмбу къекIуэкIырт, мыхьэ-мытIэу ядыжурэ ущызэмыкIуэжыфу щытт. Мы лъэхъэнэм ирихьэлIэу гъуэгум телъ асфальтыжьыр зэрыщыту трахри, щIэ иралъхьащ, иджыри Iуэхугъуэ зыбжанэ гъуэгуухуэхэм къапэщылъщи, ахэри зэфIагъэкIыну я гугъэщ.

Балъкъэрэ Ингушлырэ зэзыпх гъуэгум километри 8 и кIыхьагъщ. Ар Малкэ къуажэм пхрокI, IуэхущIапIищым - курыт еджапIитIымрэ сабий гъэсапIэмрэ - уэрешалIэ. Гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэр зэфIэкIыным куэд иIэжкъым: гъуэгубгъухэм хагъэзэгъэжын хуэдэу, асфальтым и ищхьэ къатыр тралъхьэ, дамыгъэхэр ягъэхьэзыр.

Ташлы-Тала къуажэми зы курыт еджапIэщ дэтыр, ар Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тетщ. Абыи уезышалIэ гъуэгум мы далэм лэжьыгъэшхуэ иращIылIэ, шыщхьэуIу мазэм и кIэхэм ирихьэлIэу зэфIэкIын хуейуэ щытщ.

Гъуэгу ухуэныгъэхэм пыщIа къулыкъущIапIэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ игъуэм зэгурыIуэныгъэхэр зэрызэращIылIам и фIыгъэкIэ лэжьыгъэхэри и пIалъэм щIадзэну Iэмал щыIэщ.

Гъуэгуухуэ лэжьыгъэхэр «ЩыIэныгъэр езыгъэфIакIуэ ухуэныгъэхэр» («Инфраструктура для жизни») лъэпкъ пэхуэщIэмрэ щIыналъэ бюджетым къыхэкI мылъкумрэ япкъ иткIэ йокIуэкI. Абы къигъэув къалэнхэм сыт хуэдизу цIыхухэм я шынагъэншагъэр къызэригъэпэщми, ахэр зи пщэ дэзылъхьэж IэщIагъэрылажьэхэм яхь жэуаплыныгъэми куэд елъытащ.

- ЦIыху гъащIэм нэхъыщхьэ зэрыщымыIэр псоми къыдгуроIуэ. Абы къыхэкIыу а гъащIэм щыщ Iыхьэшхуэ цIыхухэм щагъакIуэ гъуэгур нэгъэсауэ къызэгъэпэщын хуейщ. Псом хуэмыдэу ди нэIэ тыдогъэт сабийхэр нэхъыбэу щызекIуэ щIыпIэхэм, тхузэфIэкIи къэдгъанэркъым абыхэм къыщыдгъэщIэрэщIэж е щIэуэ щытетлъхьэ гъуэгухэр щызекIуэхэмкIэ тынш, я шынагъуэншагъэм хуэгъэпса хъун папщIэ», - жеIэ Малкэ къуажэм и гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныр зи нэIэ щIэт Жэмыхъуэ Мухьэдин.

ШУРДЫМ Динэ.

Гукъыдэжи къарет, сэбэпи мэхъу

Узыншагъэр щызэфIагъэувэж «Лэгъупыкъу» центрым аквапарк къыщызэIуахащ. Ар азот-термальнэ псы къыщагъэсэбэпу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм япэу къыщызэIуаха аквапаркщ. Псыр сэбэп хуохъу псантхуэ узыфэхэм икIи къупщэ зэрытыпIэхэр нэхъ быдэу зэрыгъынымкIи щхьэпэщ.

АПХУЭДЭ ухуэныгъэщIэм и фIыгъэкIэ центрым екIуалIэ сабийхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэжыныкIэ щыIэ программэм зрагъэубгъунущ. Аквапаркым сабийхэм гукъыдэж къазэрыритынум и мызакъуэу, абыхэм я узыншагъэр зэфIэгъэувэжынымкIэ зихуэдэ щымыIэ Iэмал хъарзынэщ.

Илъэс къэскIэ центрым къокIуэ ди къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм къикIа сабии 100 бжыгъэхэр, абыхэм яхэтщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я бынхэри.

ЗэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэ

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым социальнэ зэгурыIуэныгъэу цIыхухэм ярищIылIащ сом мелуан 90-м щIигъу и уасэ.

СОМ мин 18-м къыщыщIэдзауэ мин 350-м нэблагъэ мэхъу зэ тыгъуэ ахъшэр. Мы гъэм апхуэдэ гулъытэ ягъуэтащ цIыху мин 530-м щIигъум икIи псори зэхэту сом мелуан 90,3-рэ хухахащ абыхэм, щыжаIащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм.

ЩIэупщIэ нэхъыбэ зиIэ унэтIыныгъэхэм хохьэ IэнатIэ къэгъуэтынымрэ уней IуэхущIапIэхэр къызэгъэпэщынымрэ. ЖыпIэнурамэ, къапщытэж пIалъэм кърихубыдэу лэжьапIэ къэзылъыхъуэхэм ящыщу цIыху 251-м, уней IуэхущIапIэхэр къызэрагъэпэщын мурад зиIэу 177-м социальнэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ.

Къыхэдгъэщынщи, социальнэ зэгурыIуэныгъэр зращIылIэр цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину республикэм щагъэувам нэс къэзымыхьырщ икIи а лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Псапэ ящIэ

Школ щIэдзэжыгъуэм ирихьэлIэу, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм, «Помоги ближнему» сабийныбжьыщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Баракат» псапащIэ фондым, цIыхубзхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуныр къызэзыгъэпэщ «Жемчужина» жылагъуэ зэгухьэныгъэм жэрдэм ящIри, ныбжьыщIэхэм зэрытхэ Iэмэпсымэхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр, щыгъынхэр хуэзэхуахьэсащ. Дыгъуасэ тыгъэхэр иратыжащ хуэныкъуэхэм.

- МЫ Iуэхур езыгъэкIуэкIхэм я гъусэу, дэри илъэс къэс дыхущIокъу дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ унагъуэхэм я сабийхэр школым хуэгъэхьэзырыным ди гуащIэ хэтлъхьэну. Дэ къыдгуроIуэ бынунагъуэшхуэхэм, хуэмыщIахэм я бынхэр школым хуагъэхьэзырыныр къазэрытехьэлъэр. Абы къыхэкIыу нобэ мы псапэ Iуэхур къызэзыгъэпэщахэр зи ужь дитыр гугъуехь хэхуа унагъуэхэм гулъытэ яхуэтщIынырщ. Зым адрейм зыщIигъакъуэмэ, ди псэуныгъэри нэхъ тынш хъунущ. ФIыщIэ яхудощI щIэгъэкъуэн хъуну хуейуэ зыкъытхуэзыгъэзахэм, зи мылъку мыбы хэзылъхьахэм. Дыщогугъ нобэ сабийхэм яхуэдгуэш хьэпшыпхэм ахэр щыгуфIыкIыну, унагъуэхэм къахуэщхьэпэну, - жиIащ КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Сыжажэ Алим.

Абы къызэрыджиIамкIэ, школ хьэпшыпхэр зэрылъ пакети 130-рэ ягъэхьэзыращ. Мыпхуэдэ псапэ Iуэху иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ Шэджэм къалэм дэт мэжджыт нэхъыщхьэми. Абдеж портфель 50-м нэблагъэ хуэныкъуэхэм щратащ.

«Баракат» псапащIэ фондым и унафэщI Беслъэней Беслъэн жиIащ «Сабийр школым хуэгъэхьэзыр» Iуэхум ахэр 2014 гъэ лъандэрэ зэрыхэтыр, республикэм щыпсэухэм ящыщу мы жэрдэмыр къадэзыIыгъхэм фIыщIэ зэрахуищIыр.

Тхыгъэри сурэтри **БАГЪЭТЫР Луизэ** *ейщ.*

Ди къуэш республикэхэм

Дин лэжьакIуэм йохъуэхъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид КъШР-м и муфтий Эркенов Мухьэммэд-Хьэжы къыщалъхуа махуэмкIэ ехъуэхъуащ.**

- УЭ урищапхъэщ Ди щхьэщыгу итым, псэкупсэ къулеигъэхэм, лъэпкъ куэдым къахэкIахэр щызэдэпсэу ди республикэм гурэ псэкIэ яхуэлэжьэным, Уэ уузэщIакIуэщ, пщIэ зиIэ дин лэжьакIуэу ущыту, ислъамым и лъабжьэр гъэбыдэным, мамырыгъэмрэ зыщыщ лъэпкъымрэ емылъытауэ, цIыхухэм зызэхащIыкIынымрэ уи къарур ибохьэлIэ.

Хэлъхьэныгъэшхуэ хубощI къыддекIуэкI хабзэхэр хъумэным, щIалэгъуалэр хэкупсэу, зэхэщIыкI яIэу гъэсэным. Диныр дэзыIыгъхэм пщIэ къыпхуащI.

Узыншагъэ быдэ уиIэу, зэIузэпщу упсэуну, республикэм и зыужьыныгъэм адэкIэ хэлъхьэныгъэфIхэр хуэпщIыну сынохъуэхъу, - дыкъыщоджэ республикэм и Iэтащхьэм итхам.

ЩIыпIэ телъыджэхэм зыщаплъыхь

АДЫГЕЙ. **Мейкъуапэ щыщ ныбжьыщIэ 15 зыхэт гупыр ирикIуащ Хэку зауэшхуэм и фэеплъ, Кавказ къэрал щIыуэпс мэзкъуэды щIыпIэхэм. Ар къызэрагъэпэщащ «Адыгейм и щыхьэрым и щIалэгъуалэ» программэм хыхьэу.**

СВО-м хэтхэм я сабийхэм, быныбэ унагъуэхэм щыщ ныбжьыщIэхэм, апхуэдэуи Балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ комиссэм и нэIэ щIэтхэм махуитхум кърихубыдэу щыгъуазэ защIащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм мыхьэнэшхуэ зиIа къурш щхьэдэхыпIэм я тхыдэм, щIыналъэм и щIыуэпсым и зэмылIэужьыгъуагъым. Гупым и шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщащ инструкторхэмрэ медицинэ лэжьакIуэмрэ.

ЗыплъыхьакIуэ ныбжьыщIэхэр ирикIуащ Уэщтэн, Фыщт-Уэщтэн зэпрыкIыпIэхэм, зрагъэлъэгъуащ удзэхьэх Псынэдахэ гуэлыр, Белореченск бгыр, нэгъуэщI щIыпIэ телъыджэхэри. Жэщхэр щагъэкIуащ «Фыщт» турист къэувыIэпIэм.

Жыг щитху хасэнущ

АБХЪАЗ. **Республикэм и щыхьэрым и унафэщI Агъырбэ Тимур къызэритамкIэ, Сыхъум егъэфIэкIуэным гулъытэ хэха хуащIынущ. Дызыхыхьэну илъэсым къалэм щыхасэнущ жыг 500-м нэблагъэ. Къызэрыхигъэщащи, гималай кедрхэр ираупщIыкIын хуей зэрыхъум къыхэкIыу нэхъыбэу трагъэщIэнущ щхъуантIагъэхэр зэбэкI щIыпIэхэр зэфIэгъэувэжыным икIи зегъэужьыным.**

АПХУЭДЭУИ лъэс зекIуапIэхэр зэпэщ ящI. Пушкиным и уэрамым а лэжьыгъэм щыпащэнущ Ардзинбэрэ Гулиерэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхуакум.

Къалэм и архитектор нэхъыщхьэ Багателие Бислъэн къызэрыхигъэщащи, а лэжьыгъэхэр зэфIах «Къалэ шынагъуэншэ» Iуэхум ипкъ иткIэ. Проектхэм текIуэдэну ахъшэмкIэ къадоIэпыкъу Сыхъум хьэрычэтыщIэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Iэмалхэр къалъыхъуэ

● ЩIэныгъэ

Курыт еджапIэхэм анэдэлъхубзэхэм щаубыд увыпIэм зегъэубгъуа, адэ-анэхэм, сабий гъэсапIэхэм, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм щIэблэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьа, апхуэдэу щыIэ егъэджэныгъэ мардэхэр дерсхэмрэ дерсщIыб лэжьыгъэхэмрэ гъэзэщIа зэрыщыхъуным теухуат иджыблагъэ Налшык къалэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм щекIуэкIа ШыщхьэуIу зэIущIэр.

НАЛШЫК къалэм Егъэджэныгъэмк Iэ и IэнатIэм лъэпкъыбзэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, методист нэхъыщхьэ ЛIыIэщын Людмилэ къызэригъэпэща зэIущIэм кърихьэлIащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр, еджапIэ унафэщIхэм я къуэдзэхэр, методистхэр. ЗэIущIэр Iыхьитlу зэхэтащ. Япэ Iыхьэм хэтащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр. ЛIыIэщын Людмилэ абдеж къызэщIикъуэжащ 2024-2025 гъэм къриубыдэу Налшык къалэм дэт курыт еджапIэхэм анэдэлъхубзэхэр щезыгъэджхэм кърахьэлIа лэжьыгъэр, яIа ехъулIэныгъэхэр, зыхунэмысахэр, къапэщылъ Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ.

- Къызэднэк Ia илъэсыр дэркIэ Iеяуэ жыпIэ хъунукъым. Ди егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ хэтащ щIыналъэпсо икIи хэгъэгупсо мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэ зыбжанэм. Утыкушхуэм ихьа егъэджакIуэхэм яхузэфIэкIащ зыпэрыт IэнатIэм гурэ псэкIэ етауэ зэрылажьэр къагъэлъэгъуэн, методикэ и лъэныкъуэкIэ еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр зэраIэр, сабийхэр анэбзэм дегъэхьэхыным егугъуу Iуэхум зэрытелажьэр наIуэ къащIын. Псоми дощIэ: зэпеуэхэмрэ зэхьэзэхуэхэмрэ зы махуэщ зэрекIуэкIыр. Ауэ абы хыхьэну егъэджакIуэм мазэ бжыгъэкIэ зегъэхьэзыр, гупсысэ Iэджэ шыбзэм щIегъэкI, Iуэху бгъэдыхьэкIэ куэд зэпелъыт. ЩIэщыгъуэ къэзылъыхъуэм и гукъэкIхэр зэрылажьэ щIыкIэр игъэунэхуэжын щхьэкIэ, зыхэт сабийхэм я деж къыщрегъажьэ. Абдеж щекIуэкI лэжьыгъэр зэтесмэ, утыкум щалъагъуэнури абы хуэфащэ зэфIэкIщ. Дэ ди егъэджакIуэхэм абы и лъэныкъуэкIэ сыт щыгъуи дыкъагъэпэжри, фIыщIэ яхуэфащэщ. Апхуэдэу, Налшык къалэм дэт курыт еджапIэхэм илъэс къэс Iуэху куэд щыдогъэкIуэкI, анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм я дерсхэр зэрахуэр къэпщытэным щегъэжьауэ, лъэпкъ махуэгъэпсым плъыжьу къыщыхэгъэщахэм ятеухуа зэIущIэхэм щыщIэкIыжу. Къыхэгъэщын хуейщ анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэр IэнатIэм зэрыпэрытым къыщымыувыIэу, гъэсэныгъэ лэжьыгъэми хэпщIауэ зэрыщытыр. Ирагъэджын хуейм щыфIэкIыжауэ, тхыдэми, щэнхабзэми, гъуазджэми, лъэпкъ пшыналъэхэми хоIэбэ, абыхэм я фIыпIэр щIэблэм бгъэдалъхьэ. Зы зэIущIэ сыкъыхэкIыжыркъым егъэджакIуэхэм я зэфIэкIыр сымыгъэщIагъуэу, слъэгъуар зэзгъэпщэн зэрыщыIэр къэплъытэмэ. Апхуэдэу щыт пэтми, дэ дызыхущIэкъун хуей Iуэхугъуэ куэд щыIэщ. Ди лэжьыгъэр едгъэфIэкIунуми, пэрыуэгъу, лъэпощхьэпо къытхуэхъу щхьэусыгъуэ Iэджэ щыIэщ. Ар теухуащ сыхьэт бжыгъэми, зэредгъаджэ методикэ Iэмалхэми, ди сабийхэм яIурылъ бзэм и щытыкIэми. Iэджэ тIасхъапIи диIэщ. Ауэ а псом ди лъэр щIагъэхункIэ Iэмал иIэкъым. ХэкIыпIэ къэтлъыхъуэн хуейщ, ар щыслъагъури адэ-анэхэм, сабий гъэсапIэхэм, курыт еджапIэхэм я зэхуаку дэлъыпхъэ зэпыщIэныгъэхэрщ, зэдэлэжьэкIэрщ, – жиIащ ЛIыIэщыным.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ зи гугъу ищIа зэпыщIэныгъэхэр лъэныкъуэ куэд къызэщIаубыдэу щIыным гъэ еджэгъуэщIэр зэрыщыту зэрытриухуэнур.

- Дызэрыт щытыкIэм уеплъмэ, адэ-анэхэр къыткъуэмытмэ, лъэпкъыбзэхэр хъумэнымкIэ абыхэм я къалэныр зэрыиныр ягурыдмыгъаIуэмэ, жыжьэ дыкIуэфынукъым. Абы къыхэкIыу, сыт хуэдэ жэрдэм тщIыуэ еджэныгъэр дгъэдэхэну иужь димыхьэми, адэ-анэхэр Iэмал зэриIэкIэ къетшэлIэн, уеблэмэ зэдэдгъэлэжьэн хуеинущ. А Iуэхугъуэм бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд иIэщ, щIыкIэ нэхъыбэжи къыхуэбгъуэтыфынущ, ауэ а зэпыщIэныгъэр дымыгъэпсу хъунукъым. Ди зэIущIэм къыщыпсэлъэну егъэджакIуэхэм абы хуэгъэзауэ яIэ гупсысэ гуэрхэр къыхалъхьэнущи, сыщогугъ псалъэмакъ купщIафIэ дэтхэнэми ефщIэкIыну, фи щхьэкIэ къыфхуэщхьэпэн къыхэфхыу фи лэжьыгъэм хэвухуэну. Абыхэм фи нэIэ ятевгъэт, ахэр фи лэжьыгъэм курых хуэфщI, – къыхуриджащ ЛIыIэщын Людмилэ егъэджакIуэхэр.

Зэхуэсым къыщаIэтыну Iуэхугъуэхэр яубзыхуа нэужь, етIуанэ Iыхьэм егъэджакIуэхэр щылэжьащ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкIэ къудамэхэм. Нэхъыщхьэу псалъэмакъыр зытеухуауэ щытар анэдэлъхубзэр хъума, адэ-анэхэр Iуэхум хэша, лэжьыгъэр къэIэта хъун папщIэ бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ щIэныпхъэхэмрэ къызэрыгъэсэбэпын хуейрат. Апхуэдэу адыгэбзэмрэ литературэмкIэ методикэ зэгухьэныгъэхэм къапэщылъ Iуэхухэр зэпкърихыу къэпсэлъащ Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №6-м щылажьэ Бозий ФатIимэ. Сабий гъэсапIэхэм театрым щиубыд увыпIэмрэ ар лэжьыгъэм зэрыхэплъхьэну Iэмалхэмрэ я гугъу ищIащ щыхьэрым дэт сабий гъэсапIэ №31-м и лэжьакIуэ Шал Людмилэ. Унагъуэмрэ еджапIэмрэ зэрызэлъэIэсын, еджэныгъэм къыщыIэта Iуэхугъуэхэр нэсу гъэзэщIа хъун папщIэ, дерсщIыб лэжьыгъэм и гупэр абыкIэ гъэзэн зэрыхуейр зэпкърихащ Налшык къалэм дэт, Къудащ Елбэздыкъуэ и цIэр зезыхьэ гимназие №14-м и лэжьакIуэ Табыщ Динарэ. «Яндекс. ЗэдзэкIакIуэ» пэхуэщIэм къалэм и егъэджакIуэхэр зэрыхэтам, ар адыгэбзэр зэзыгъащIэхэм къазэрыхуэщхьэпэнум триухуащ лицей №2-м адыгэбзэр щезыгъэдж Бэрбэч Ларисэ и къэпсэлъэныгъэр.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ щыхагъахъуэ и центрым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и лъэщапIэм и унафэщI Щоджэн Iэминат. IэнатIэм къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, щIэуэ дунейм къытехьа тхылъхэр еджэныгъэм зэрыхэплъхьэнум, методикэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм яIэ щхьэхуэныгъэхэр зэрызэблэбгъэкIынум, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хэзыгъахъуэ курсхэр зэрызэхашэм, нэгъуэщI куэдми тепсэлъыхьащ Iэминат. Абы егъэджакIуэхэр къыхуриджащ къыхалъхьэ жэрдэмхэм нэхъ жану хэтыну, я зэфIэкIыр къалъыкъуэкI лъэпощхьэпохэм зэрыримыудыр, атIэ зэрипсыхьыр IэнатIэм пэрытхэм я фIэщ ящIу лэжьыгъэ купщIафIэхэр утыку къралъхьэну.

ЗэIущIэм и кIэм ЛIыIэщын Людмилэ 2025-2026 гъэ еджэгъуэщIэм зэрылэжьэну планыр егъэджакIуэхэм я пащхьэ кърилъхьащ, щхьэж и еплъыкIэрэ и гупсысэкIэкIэ къыдэгуашэу ар нэхъыфI икIи нэхъ унэтIа зэращIынум ахэр къыхуриджащ.

– Сыт щыгъуи хуэдэу, дызытехьэну илъэсри Iэджэ IуэхукIэ гъэнщIауэ етхьэкIынущ. IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жаIэ. ДызэдэвгъэлажьэI, дызыIут IэнатIэм хэлъ щыщIэныгъэхэр гъэмэщIэнымкIэ дызэдэвгъэIэпыкъу, ди лэжьэкIэр щапхъэу дывгъэгъэлъагъуэ. ЗымащIэкIи шэч къытесхьэркъым а къалэнхэм дазэрыпэлъэщынум, арыххэми къытлъыщIэн щымыIэу долажьэ. Иджы къытпэщылъхэр гъэзэщIа хъун папщIэ, дызэрыт гъунапкъэхэр зэлъыIудвгъэгъэкIуэти, ди гъуэгур занщIэ зыщIыфыну адэ-анэхэм дадэвгъэлажьэ, абыхэм яхуэгъэзауэ еджэныгъэр дывгъэгъэпс. Гъэ еджэгъуэщIэр махуэ фхуэхъуну, Iэджэ ехъулIэныгъи къыфхуздихьыну сыфхуолъаIуэ, – жиIащ ЛIыIэщын Людмилэ, зэхуэсыр зэхуищIыжу.

ИпэжыпIэкIэ, анэдэлъхубзэхэр щытыкIэ гугъу итщ. Адэ-анэм ятелъ хьэкъым нэхърэ мынэхъ мащIэу егъэджакIуэхэми пщэрылъ куэд яIэщ, бзэр щIэблэм IуралъхьэнIэпапщIэ. ЩытыкIэ гугъур Iэджэ щхьэусыгъуэми нэхъ хьэлъэж ящI, ауэ абы узэрыпэщIэтынур IэщIагъэм хууиIэ лъагъуныгъэмрэ лъэпкъым и пащхьэ щыпхь жэуапымрэщи, анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэм хуэдэу къэмыланджэ бгъуэтынкъым. Я лэжьыгъэр тынш къащызыщI, абыкIэ яIэ гуныкъуэгъуэхэр ящхьэщызых жэрдэмхэр нэхъыбэ щыхъу гъэ еджэгъуэщIэ анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэр техьэну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Хъыджэбз IэпщIэлъапщIэм и ехъулIэныгъэ

«Урысейр IэмалыфIхэм я щIыналъэщ» президент платформэм лэжьыгъэфI иригъэкIуэкIхэм ящыщ зы аргуэру зэфIагъэкIащ. Иджыблагъэ Ставрополь къалэм щызэхуащIыжащ уэрам гъуазджэмрэ спортымкIэ «Кардо» VIII дунейпсо зэхьэзэхуэр.

БЛЫНДЖАБЭМ сурэт зэрытращIыхь Iэмалхэм, лъэпкъ щыгъыныгъуэхэмрэ спорт лIэужьыгъуэхэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм я зэпеуэм щытекIуахэр ягъэлъэпIащ, саугъэтхэр иратащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дизайнер ныбжьыщIэ Сэралъп Лики.

ШыщхьэуIум и 20-м къыщыщIэдзауэ 24 пщIондэ екIуэкIащ зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр. Къызэгъэпэщак Iуэхэм зэрыжаIэмкIэ, зэпеуэм и иужьрей Iыхьэм кIэлъыплъащ цIыху мини 157-м щIигъу, онлайн IэмалкIэ - мелуани 2,5-м щхьэдэх.

- Илъэси 8 ипэ, «Кардо» дунейпсо саугъэтым и зэпеуэр щедгъэжьам, кIэух Iыхьэм хэтауэ щытащ цIыху 326-рэ. Нобэ а бжыгъэм хуэдипщIкIэ хэхъуащ - дуней псом щыщу мурад пыухыкIахэр зиIэ щIалэгъуалэ жыджэр минхэр зэпеуэм зэхуишэсащ, - жеIэ управленэмкIэ «Сенеж» мастерскойм и ректор Бетин Андрей. - Онлайн Iыхьэм зэригъэуIуащ къэрали 147-м я атлетхэр. Ставрополь деж щекIуэкIа иужьрей зэхыхьэм къэрал 58-м я лIыкIуэхэр къэкIуащ. Абы къигъэлъагъуэу къысщохъу псалъэр дгъэмащIэу, Iуэхур нэхъыбэу зэредгъэкIуэкIыр. Мыбы наIуэ къещI щIалэгъуэм, зэкъуэтыныгъэмрэ спортымрэ я къэкIуэну дахэр зэраубзыхур, зэгъусэу дызэрызэдэлажьэм ехъулIэныгъэхэр къызэрыпэкIуэр. Апхуэдэ жэрдэмхэр щхьэпэщ, ныбжьыщIэхэм я къару къигъэхъуапIэщ, лъагапIэщIэхэм хуэзыгъэпабгъэщ. ИпэжыпIэкIэ Урысейр IэмалыфIхэм я щIыналъэщ.

Мы гъэм «Кардо» VIII дунейпсо зэхьэзэхуэм цIыху мин 50-м щIигъум хэтыну зрагъэтхат. Зэпеуэм и Iыхьэ 12-м - хип-хоп, брейкинг, паркур, фриран, воркаут, кикскутеринг, трикинг, граффити, скейтбординг, BMX, диджеинг – щытекIуахэм я цIэ кърaIуащ, абыхэм трагуэшащ сом мелуанибл хъу ахъшэ саугъэт.

Мы гъэм зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтащ Франджым, Китайм, Германием. Латвием, Словакием, Португалием, Азербайджаным, Японием, нэгъуэщI къэралхэми щыщхэр.

Зэпеуэр зэрызэхуащIыжа пшыхьыр къызыхуэтыншэу, дахэу къызэрагъэпэщат, «вагъуэхэр» алэрыбгъу плъыжьым зэрырикIуэ щIыкIэм тету. Iуэхум еплъыну зрагъэхьэлIат цIыху мин 20-м щIигъум. Зэхыхьэр зыгъэдэха къэфакIуэхэмрэ атлетхэмрэ 250-м щIигъуу щытащ, утыкум и гъунэгъуу ягъэува бассейнхэм «синхрон» спортсменкэхэм я Iэзагъэм цIыхухэр щыхагъэплъащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ пашэ хъуахэр зэрагъэлъэпIам и мызакъуэу, адэкIи я IэщIагъэм зэрыхагъэхъуэну Iэмал зэрыратыр: псалъэм папщIэ, IуэхущIапIэ цIэрыIуэхэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну хуитщ.

«Кардо» VIII дунейпсо зэхьэзэхуэм хыхьэу екIуэкIащ «Росмолодежь. Саугъэтхэр» зэпеуэр. Абы хэтахэм Iэмал яIащ я лэжьыгъэмкIэ сом мелуан 1.5-м нэс къахьыну. Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщ цIыху 23-м я Iуэхухэр абы къыщагъэлъэгъуащ.

Зи гугъу фхуэтщIа Сэралъп Ликэ ещанэ увыпIэр къыщихьащ «Фэшн» зэхьэзэхуэм. Абы ахъшэ саугъэтрэ къызэгъэпэщакIуэхэм я тыгъэхэмрэ къратащ, «Кардо» зыфIаща медалыр къыхуагъэфэщащ. Нэхъ ипэкIи хъыджэбзым ехъулIэныгъэфIхэр иIащ. Псалъэм папщIэ, 2022 гъэм япэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ творчествэмкIэ ArtMasters цIыхубэ зэхьэзэхуэм «ФащэхэмкIэ IэпщIэлъапщIэ» и Iыхьэм. Абы щыгъуэм Ликэ къыхуагъэфэщащ текIуэныгъэр къызэрихьам щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъ, Chayka New Wave 999 зэрыдэ машинкэм и сертификат, «Геликон-оперэ» музыкэ театрым стажировкэ зэрырагъэблагъэ тхылъыр, сом мин 500 ахъшэ саугъэтыр.

«Анэм и щапхъэр пхъум и бзыпхъэщ» жыхуаIэращи, Ликэ зыдэплъеяр, дауи, модельер цIэрыIуэ Сэралъп Мадинэщ. «Си шыпхъумрэ сэрэ дызэрысабийрэ зэпымычу дыкIэлъыплъащ мамэ и лэжьыгъэм. Абы ищIэр псори тфIэхьэлэмэтт. Уеблэмэ дыщIэупщIэрт фащэм езым и тхыдэми абы и зэхэлъыкIэр къызэригупсысми. Шэч хэмылъуи, пасэу къыдгурыIуат IэщIагъэ тхуэхъуну дызыщIэхъуэпсыр. Къысхуэгъэсыртэкъым си мурадым сыщылъэIэсыну пIалъэр. Школыр экстерну къэзуха нэужь, занщIэу сыщIэтIысхьащ Москва Бизнесымрэ дизайнымкIэ и институтым. IэпщIэлъапщIагъэр щагъэлъапIэ, и мыхьэнэр щаIэт еджапIэм гъэщIэгъуэн куэди къыщысщIащ», - жеIэ хъыджэбзым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Фондыр къадоIэпыкъу

2025 гъэм и щIышылэм – бадзэуэгъуэм кърuубыдэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ я IэнатIэхэм кредит цIыкIухэмкIэ защIэгъэкъуэнымкIэ фонд» зи лэжьыгъэр фейдэ къегъэщIыным пымыщIа IуэхущIапIэм республикэм хьэрычэт щIэн и IэнатIэм кредит цIыкIуу 58-рэ иритащ е псори зэхэту сом мелуан 18,25-рэ.

А АХЪШЭР зратахэм я лэжьыгъэ IэнатIэхэр ирагъэфIэкIуащ е абы зрагъэубгъуащ, обрудованэхэмрэ IэмэпсымэхэмрЭ, жыгыщIэхэр, жылапхъэхэр, щIыгъэпшэрхэр, мэкъумэш къэкIыгъэхэм папщIэ хущхъуэхэр, Iусыпхъэхэр, нэгъуэщIхэри къащэхуащ.

Къыхэдгъэщынщи, Фондым лэжьэн зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэм худэчых зыхэт кредит цIыкIухэм хуэдэу яритащ псори зэхэту сом мелуан 758-рэ.

Лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● УФСБ-м къет

ЩIэпхъаджагъэм къыхуриджэрт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къызэпаудащ республикэм щыпсэу, илъэс 30 зи ныбжьым зэрихьэ хабзэншагъэр.

ШЭЧ зыхуащIым социальнэ сетхэм я зым щызэбгригъэхырт терроризмэмрэ экстремизмэмрэ къыхуезыджэхэр.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205.2-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 280-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 7-м нэскIэ ягъэтIыс.

Iэщэ игъэкIыным пыщIат

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ Аруан районым щыпсэу, илъэс 24-рэ зи ныбжьыр Iэщэ хабзэншагъэкIэ игъэкIыным зэрыпыщIар.

УФ-М И УК-М и 222-нэ статьям и 1-нэ, 2-нэ Iыхьэхэм япкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къаIэтащ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зылэжьар илъэси 8-м нэскIэ ягъэтIыс.

Марсыр зи плъапIэхэр

● Хьэрш

Махуэ къэс зэхэтх хъыбархэм ятетщIыхьмэ, Марсыр ящыщщ хьэршыр джыныр нэрыгъ зыхуэхъуа къэхутакIуэхэр цIыхухэр щрагъэтIысэхынымкIэ нэхъ зыщIэхъуэпс уафэщIхэм.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ къызэрабжамкIэ, ди Дыгъэм къедза планетэхэм ящыщ Марсыр къызэрыунэхурэ илъэс меларди 4,6-рэ дэкIащ. НэгъуэщIу жытIэмэ, ар къыщыхъуар ди Дыгъэм къыдэгъуэгурыкIуэ планетэхэр дэтхэнэрами «зэхигъэкIыу», и къэухьыр «щызэригъэпцIарщ».

Дызытес ЩIы Хъурейм гъащIэм и хуэмэбжьымэ гуэрхэм илъэс меларди 3,8-рэ ипэкIэ, я нэхъ мащIэр арами, «къыщыпэщэщэн» щыщIадзагъащIэм, Марсыр дэ ди планетэм къызэрыщхьэщыкI щIагъуэ щыIэтэкъым. Астрономхэм зэрытрагъэчыныхьымкIэ, а лъэхъэнэ жыжьэм псыр а уафэщIми ткIуаткIуэ щытыкIэм щитт, и къуэбэкъухэми щешкIурэхрэ хышхуи хыжьеи щыуфафэжу. КъинэмыщIауэ, Марсым щызепщэ жьыри, иджы зэрыщытым хуэмыдэу, куэдкIэ щынэхъ Iувт...

КъедгъэзэкIыжынщи, дызэрыт зэманым Марсым и хьэуар пIащIэ дыдэщ, зэрызэхэтым и гугъу тщIымэ, и процент 95-р угле-чэзэпщ (углекислый газ), зэрыщыту къатщтэмэ, ар а планетэм плъыжьыфэ къытезыгъауэ сабалъэ зэфэзэщщ, Менделеевым и таблицэм хыхьэ нэгъуэщI пкъыгъуэхэри щыхэбгъуатэ пэтми.

АтIэми, Марсым и хьэуар ЩIы Хъурейм ейм фIыуэ къызэрыщхьэщыкIым къыхэкIыу, урибэуэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Къэдгъэлъагъуэмэ, и Iувагъыр зэрыщынэхъ пIащIэм къыдэкIуэу, лъышэу (кислород) къыхэбгъуэтэнури процент 90-кIэ щынэхъ мащIэщ. Къэлъытапхъэщ, Марсыр - геологие и лъэныкъуэкIи щхьэщыт хьэуар зыхуэдэмкIи Дыгъэм екIэрэхъуэкI адрей уафэщIхэм ауэ жыжьэу зэрыхуэмыдэри.

Къыхэгъэщыпхъэщ, иджырей щIэныгъэлIхэм планетэ «плъыжьым» къыщекIуэкIым ехьэлIауэ куэдым щыгъуазэ зэрызыхуащIыфар, абы и гущIыIум, гъэ блэкIахэм кърихубыдэу, щрагъэтIысэха роботхэм я фIыгъэкIэ. АрщхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, шыпсэус фантастхэми зэрагугъэу, ар мащIэIуэщ а уафэщIым цIыхухэр (астронавтхэр) утегушхуэу щибгъэтIысыкIын папщIэ.

Илъэсипл I ипэкIэ

Дигу къэдгъэкIыжынщи, НАСА-м и IэщIагъэлIхэм къагупсысу Iэзэ дыдэу зэхагъэувэжа Iэмэпсымэ телъыджэу Къэмыланджэ (Perseverance) зыфIащар Марсым 2021 гъэм мазаем и 18-м щригъэувэхащ. Абы килограмм 1043-рэ и хьэлъагъщ. ЩрагъэтIысэхар а планетэм и щхьэфэу абы къытещ кратерхэм яз Джезерощ.

Астрофизикхэм къызэралъытэмкIэ, Perseverance марсрыкIуэм и пщэ далъхьа къалэнхэр мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщ. Мы роверым быдэу пкърагъэпщкIухьащ зи гугъу тщIа пхъуантэ цIыкIуу дыщэм къыхэщIыкIар – Марсым и хьэуа пIащIэм хэт углекислэ пкъыгъуэр дызэрыбауэ лъышэм тыншу хуэзыгъэкIуэф Iэмэпсымэ Iэрыхуэр.

Мыдрейуи къыхэдгъэщынщи, телескоп нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэкIэ Марсым къыщалъэгъуа, щрагъэтIысэха роботхэмкIи гу зылъата мафIэбгхэр (вулканхэр) я нэхъ лъагэ дыдэщ, ди Дыгъэм и къэухьыр зэпрызыгъэз уафэщI псоми, астероидхэри яхэту, къыщахутам нэхърэ. Марсым и щхьэфэр, ЩIым ейм елъытауэ, кумбрэ мащэ куухэмкIэ бащэу пхыгъэмбащ, абы и щхьэусыгъуэу щIэныгъэлIхэм къалъытари, и хьэуар куэдкIэ зэрыщынэхъ пIащIэм къыхэкIыу, метеоритхэм гуащIэу къызэраудыныхьырщ.

Марсым - цIыхухэр

NASA-м дяпэкIэ къызэригъэпэщыну зыщIэхъуэпс щIэныгъэрылажьэ зекIуэ гъуэгуанэу Марсым хуиутIыпщыну зызыхуигъэхьэзырым цIыхухэр хигъэхьэну и мурадщ. АрщхьэкIэ, зи гугъу тщIы а плъапIэ дахэр зэгъэхъулIэгъуафIэу зэрыщымытыр къазэрыгурыIуэм къыхэкIыу, щIэныгъэлIхэр къытеувыIащ а уафэщIым зэгуэр гъащIэ щыщыIарэ щыщымыIарэ зэхэгъэкIын зэрыхуейр япэ зэригъэщыпхъэм. ЕтIуанэ Iуэхугъуэу къапщытэн хуейуэ зыхуагъэувыжам и гугъу тщIымэ, Марсым ткIуаткIуэ щытыкIэм ит и псыр зэрытекIуэдыкIамрэ и хьэуам щыщу и нэхъыбэр зэрыфIэкIуэдамрэ къызыхэкIарщ.

Ауэ щыхъукIи, щIэныгъэлIхэри IэщIагъэлIхэри егупсысыпхъэщ а планетэм ягъэкIуэну зыхуамурад астронавтхэр, къащыщI «щIагъуэ» щымыIэу, а щIыпIэ жыжьэм зэрыщизэгъыну Iэмалхэми, я нэхъ мащIэрауэ, къызэрырагъэлъэтыкIыжа хъуну щIыкIэхэми.

Марсым цIыхухэр щрагъэтIысыкIыу щагъэпсэуфынымкIэ хъуэпсапIэм зэIухауэ астрофизикхэм тепсэлъыхьын щыщIадзар 1950 гъэхэм къыщегъэжьауэщ. Гу зэрылъытэгъуафIэщи, иужьрей илъэсхэм а планетэм хьэршырыкIуэ кхъухьлъатэхэр хуэзыутIыпщ къэралхэм я бжыгъэми къахэхъуащ.

2025 гъэр, гу зэрылъатамкIэ, и щIэдзапIэщ Марсыр «къэгъэIурыщIэныр» хъуэпсапIэ къудей мыхъуу, нэхуапIэ щIынымкIэ ялэжьхэми. Уахэр зыдж IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэу хамэ къэралхэм щыIэ SpaceX, NASA, ESA компаниехэмрэ, мыдрейуэ Урысеймрэ Китаймрэ я щIэныгъэлIхэмрэ къыхалъхьа пэхуэщIэхэм (проектхэм) техникэ и лъэныкъуэкIэ лъабжьэ зэрыхуащIри а Iуэхум и зы Iыхьэщ.

ЖыпIэнур арамэ, къедбжэкIа къэрал псори яужь ихьащ планетэ «плъыжьыр» цIыхухэм гъунэгъу къахуэщIыным ехьэлIауэ техникэ и лъэныкъуэкIэ япэ лъэбакъуэу къэлъытапхъэ я лэжьыгъэхэм. Къэнэжар абыхэм ящыщу Марсым япэ дыдэу цIыхухэр щизыгъэтIысыкIыфыныр зэхэгъэкIыныр щ.

Маск Илон и проект телъыджэ

2024 гъэм хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Маск Илон SpaceX компанием и IэщIагъэлIхэм пщэрылъ ящищIащ планетэ «плъыжьым» щаухуэну къалэм и теплъэмрэ и зэхэтыкIэ хъунумрэ нэхъ тегъэхуауэ зэрызэхагъэкIын хуейм и мызакъуэу, абы ехьэлIа дизайнымрэ макетымрэ зэрызэхагъэувэным яужь зэрихьапхъэри.

IэщIагъэлIхэм ящыщу зы гупым щIадзащ лэгъуп зэгъэдзэкIам хуэдэр зи щхьэ, цIыхухэр зыщIэсыну унэ цIыкIухэм я теплъэмрэ ахэр щаухуэкIэ къагъэсэбэпыпхъэ пкъыгъуэхэр зыхуэдэмрэ зэхэгъэкIыным. ЕтIуанэ гупым иджыпсту мы гъэм щыщIадзауэ яубзыху Марсым щхьэщыт жьым цIыхухэр хэпсэукIыфын папщIэ зыщатIагъапхъэ скафандрхэр зыхуэдэр. Медицинэм хуэлажьэ ещанэ гупым зэхагъэкIын хуейуэ я къалэнщ хамэ уафэщIым IэпхъуэнухэмщIэблэ къащIэхъуэнымкIэ Iэмалхэр зыхуэдэр.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэр щIэныгъэлI-IэщIагъэлIхэм къызэрырахьэжьамкIэ щыхьэтщ планетэ «плъыжьым» цIыхухэр щигъэтIысыкIыным, абы иужькIи щыгъэпсэуным хуэгъэзауэ лэжьыпхъэхэм щIэгъэхуэбжьауэ яужь зэрихьар.

Пэжщ, Маск Илон 2016 гъэм жиIэгъат, Марсым езым и щхьэр зыгъэпсэужыф жылагъуэм зыщебгъэужьын папщIэ, я нэхъ мащIэрауэ, илъэс 40-м къыщегъэжьауэ илъэси 100-м нэблагъэ ихьынкIэ зэрыхъунур. АрщхьэкIэ, 2024 гъэм и мэлыжьыхьым а лIы ерыщым зэуэзэпсэу «игъэмэщIащ» нэхъапэIуэкIэ зи гугъу ищIауэ щыта а пIалъэр: Space X компанием и IэщIагъэлIхэм абы яхуиIуэхуащ илъэс 20 нэхъ дэмыкIыу планетэ «плъыжьыр» цIыху мелуаным нэблагъэм я хэщIапIэу щытын зэрыхуейр. Къызыхихыр, езым и псалъэхэмкIэ къэдгъэлъэгъуэнщи, «УафэщI зыбжанэм щыпсэуфыныр икIэщIыпIэкIэ къызэгъэпэщын хуейщ, цIыхухэм иджыпстурей ди зэфIэкIыр здынэсар тIэщIэмыкI щIыкIэ!».

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Нэхъ мащIэ зытхэм яхохьэ

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм (ЖКХ) щхьэкIэ ахъшэ нэхъ мащIэ дыдэ зытхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ.

РЕСПУБЛИКЭМ и цIыхухэм ЖКХ-м и Iэхутхьэбзэхэм щхьэкIэ ятыр куэдкIэ нэхъ мащIэщ, адрей щIыналъэхэм елъытауэ: зы унагъуэм и бюджетым и процент 10-м нэхъыбэ хъуркъым, щыжаIащ КъБР-м Тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщI, ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм щхьэкIэ ахъшэ нэхъ мащIэ зыт щIыналъэхэм яхохьэ Ингушыр, Дагъыстэныр, Къалмыкъыр. Къэдгъэлъэгъуэнщи, къэралым и адрей щIыналъэхэм я нэхъыбэм я унагъуэхэм я бюджетым и процент 13-м нэблагъэ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм трагъэкIуадэ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Дунейм щыхъыбархэр

Зыужьыныгъэхэр яIэщ

УФ-м и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ Iуэхук Iэ хуэзащ Херсон областым и губернатор Сальдо Владимир. Губернаторым къэрал Унафэщ Iым щигъэгъуэзащ щIыналъэм щыIэ социальнэ щытыкIэм, экономикэм игъуэт зыужьыныгъэм, псэупIэ унэхэмрэ нэгъуэщI ухуэныгъэхэмрэ зэрызэфIагъэувэжым.

«ПсэупIэ унэхэр ухуэныр жыджэру йокIуэкI, а Iуэхум хухэтхащ щIыпIэ щхьэхуэу 44-рэ, псори зэхэту абыхэм яубыдынущ гектар 600-м нэблагъэ, - жиIащ Сальдо Владимир. - Гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ худэчыхыну хуитыныгъэ зиIэ цIыхухэмрэ. Абыхэм унэ къыщащэхукIэ хъарзынэу хукIэрагъэхунущ».

Губернаторым къызэрыхигъэщамкIэ, Херсон щIыналъэм щолажьэ къэралым и банк нэхъ ин псори, абыхэм я картэхэр яIэрыхьащ цIыху мин 230-м. Апхуэдэу къигъэлъэгъуащ хьэрычэтыщIэ IуэхущIапIэ зэхуэмыдэу мин 13-м нэблагъэм я деж лэжьэн зэрыщыщIадзар, инвестор 45-м зэгурыIуэныгъэхэр зэрыращIылIар.

ЗыIуэ гугъуехьхэм я гугъу щищIым жиIащ узгъум и зэранкIэ гъавэу гектар мин 66-рэ, сэхурану гектар мин 218-рэ зэрафIэкIуэдар. Апхуэдэу щытми, мы зэманым ирихьэлIэу гъавэу тонн мелуан 1,3-рэ кърахьэлIэжащ.

Илъэсым тIэу хэхъуэнущ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Говырин Алексей ТАСС-м и журналистым зэрыжриIамкIэ, 2026 гъэм страховой пенсэхэм тIэу хэхъуэнущ – мазаемрэ мэлыжьыхьымрэ. КъищынэмыщIауэ, я пенсэр нэхъыбэ хъунущ ныкъуэдыкъуэхэм, илъэс 80-м щIигъуахэм, апхуэдэуи псэуныгъэкIэ зыщыгугъыр зыфIэкIуэдахэм къаIэрыхьэ ахъшэми хэхъуэнущ.

Хабзэ хъуауэ, социальнэ пенсэхэр мэлыжьыхьым и 1-м, мылажьэхэм я страховойр илъэсым и пэм ирихьэлIэу хагъахъуэ. 2026 гъэм щегъэжьауэ иужьрейхэм я пенсэр IыхьитIу зэщхьэщыхауэ хагъэхъуэнущ: япэр - мазаем и 1-м, инфляцэ екIуэкIым тещIыхьауэ, етIуанэр – мэлыжьыхьым 1-м, Урысейм и Социальнэ фондым къигъэлъагъуэхэм тету.

Депутатым ягу къигъэкIыжащ лажьэ пенсионерхэм я страховой пенсэр индексацэ ящIын 2025 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ зэрыщIадзэжар, нэхъапэкIэ щыIа хэхъуэныгъэхэри къыхалъытэжу.

УФ-м и Правительствэм и нэIэм щIэт, ФинансхэмкIэ университетым жылагъуэ финансхэмкIэ и кафедрэм и доцент Балынин Игорь нэхъапэкIэ жиIауэ щытащ къуажэхэм щылажьэ пенсионерхэм хабзэ щхьэхуэхэр ягъэзащIэмэ, нэхъ пасэу пенсэм кIуэну хуитыныгъэ зэраIэр. Абы папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу пенсэ балл бжыгъэу 30-рэ лэжьыгъэм зэрыпэрыта пIалъэ щхьэхуэрэ яIэн хуейщ.

ШыщхьэуIум и 28, *махуэку*

♦**ХъуэпсапIэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1924 гъэм** Налшык къыщызэрагъэпэщащ ФизкультурэмкIэ областной совет.

♦**1914 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъуий Владимир**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Мыз Ахьмэд**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ГъуэплъащIэ ТIэхьир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

ШыщхьэуIум и 29, *мэрем*

♦**Ядернэ Iэщэхэр гъэунэхуныр мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я гуп хэхахэм я махуэщ**

♦**1972 гъэм** Германием и Мюнхен къалэм щекIуэкIа XX гъэмахуэ Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъажэ спорт лIэужьыгъуэмкIэ дыщэ медаль къыщихьащ адыгэ щIалэ Шыхъуэ Борис.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къумахуэ Мухьэдин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пщэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
Лъагъуныгъэ зыхуэпщIым гущIэр къегъэхъей.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр редакцэм и секретарь-Iуэхузехьэ **Ажахъуэ (Щоджэн) Ланэ Жыраслъэн и пхъум** хуогузавэ и тхьэмадэ **Ажахъуэ Толэ Хьэчим и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу. Ахърэт нэху Алыхьым кърит.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Аляскэм и къекIуэкIыкIар

Мы махуэхэм ягу къэкIыжащ Аляскэр зэрыщыIэр икIи я бзэгупэм пыкIыркъым политикхэм. Абы и щхьэусыгъуэри зыщ: Урысеймрэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ я президентхэр зэрыщызэхуэзарщ. А зэIущIэм тхыдэ мыхьэнэ иIэнущ - Москварэ Вашингтонрэ Украинэм егъэщIылIа IуэхухэмкIэ нэхъ зэгурыIуэ хъуащ. Ауэ ар зэхьэлIар политикэрщ. Мыдрейуэ къащыгъупщакъым США-м а иджырей штатыр зэгуэр Урысей империем и щIыналъэу зэрыщытар икIи ар пуд дыдэу Америкэм зэрырищар ягъэныщкIун. Арщхьэкlэ, иужькIэ екIуэкIахэр къэплъытэмэ, хуэIыгъынут абы? IэщIагъэлIхэм ящыщ куэдым зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ Iэмалхэр щыIащ, ауэ ахэр зыкъомкIэ нэхъ мащIэт яфIэкIуэдыным нэхърэ.

БЛЭКIАМ къызэрыпхуемыгъэзэжынур, гурыIуэгъуэми, гъэщIэгъуэнт Аляскэр ди къэралым ейуэ къызыщыбгъэхъуну. ИтIанэ дунейм нэгъуэщI теплъэ иIэнут. Апхуэдэу егупсысхэр мащIэкъым, арщхьэкIэ а Iуэху еплъыкIэм зы щыуагъэшхуэ хэлъщ: а зэманым щыIа щытыкIэр къилъытэркъым.

Япэрауэ, Аляскэр жыжьэт, ар пIыгъыну егъэлеяуэ гугъут, мылъкушхуэ текIуадэу. ЕтIуанэрауэ, а зэманым зыри щыгъуазэтэкъым абы и щIыналъэм дыщэ щIэлъу, хэбгъэзыхьмэ, иужькIэ къахута щIыдагъэми зыри хуейтэкъым. Ещанэрауэ, урысхэр Аляскэм фIыуэ къыщалъагъуртэкъым, ахэр абы хамэу къыщалъытэрт англосаксхэм. Кърым зауэм иужькIэ Урысейр хуейтэкъым абыхэм япэщIэувэну. ЕплIанэрауэ, Урысейм и экономикэр етIысэхат, абы и дежкIэ мыхьэнэ ин иIэт дэтхэнэ ахъшэми. А псом ятепщIыхьмэ, Аляскэр зэращар щхьэпсыншагъэу къэплъытэ хъунукъым.

Иджы я гугъу тщIынщ къызыхуагъэнэжыфынуи зэрыщытам. ЩIыналъэр е абы щыщ Iыхьэр бэджэнду ят хъунут, зэгуэр Панамэ кIэнауэр зэратам хуэдэу. Илъэс бжыгъэ дэкIри, зэрыщытам хуэкIуэжащ. Аляскэм щылажьэ Урысей-америкэн компанием инвестицэхэр къыхрагъалъхьэнуи къезэгъырт. Ауэ хэтыт зыщIэр «Урыс Америкэр» (арат а зэманым Аляскэм зэреджэр) апхуэдизу къулейуэ къыщIэкIыну. Абы щыгъуэм ар империем жыжьэу пыIудза щIыналъэ зехьэгъуейт, ущыпсэунуи ущылэжьэнуи гугъуу.

НэгъуэщI Iуэхущ ар абы къарукIэ трахыфыну зэрыщымытар. Дзэ къэхутакIуэхэм къызэрабжамкIэ, щIыналъэр яIыгъын папщIэ зыхуейр IэщэкIэ фIыуэ зэщIэузэда гарнизонищ къудейт. ЩIыпIэм гу къыплъамытэу уIухьэфынутэкъым, Iуфэхэм топхэр Iуагъэувэрэ лагъымхэр щыщIалъхьамэ, къебгъэрыкIуэныр гугъу хъунут. Ар къатехьэлъэнут англосаксхэм. Мыбдеж къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ абыхэми а зэманым щIыналъэ къулейсызым я нэхэр къыхуикIыу зэрыщымытари.

Iэмал ещани щыIащ: псори ирамыщэу зыгуэрхэр къызыхуагъэнэну. Псалъэм и хьэтыркIэ, Алеут хытIыгухэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, езы Аляскэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм къыпыкIыу ищхъэрэкIэ щыIэхэр къызыхуагъэнэну. Мис а щIыпIэр быдапIэ лъэщ хъунут. Ауэ а зэманым зыри егупсысыртэкъым ар зыгуэркIэ Урысейм къыхуэщхьэпэну. Къытедгъэзэжынщи, езы США-ри еплъэкIыртэкъым а лъэныкъуэмкIэ. ЩIищэхуари и щIыналъэм зригъэубгъун щхьэкIэ къудейщ. Урысейм арыншами щIы и куэдт. Мыбдеж дигу къыщыдгъэкIыжын хуейщ США-м и 50-нэ штату етIощIанэ лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIхэм хагъэхьа Гавайи и хытIыгухэр. Ахэри Урысейм тыншу зыIэригъэхьэфынут, уеблэмэ, ейуэ жыпIэ хъунут. ЩIыпIэ телъыджэт, псори къыщыкIырт, иджы цIыху куэд зыхуэпабгъэ дунейпсо курортщ. АрщхьэкIэ властыр зыIэщIэлъ урысей къулыкъущIэхэм ядакъым. И щхьэусыгъуэри зыт: хы Хуэмым и курыкупсэм хэт ахэр жыжьэIуэт, уакIэлъыплъыну, зепхьэну гугъу хъунут.

Аляскэм и деж дгъэзэжынщи, ар къызэрагъэсэбэпынум куэдрэ егупсысащ. Австралием хуэдэу тутнакъхэм я унапIэ ящIыну ягу къэкIащ. Щхьэхуимытхэр абы пщIэншэу щагъэлэжьэнут. Фейдэ зыпылъ Iуэхуу фэ тетт, арщхьэкIэ текIуэдэнур нэхъыбэжт. Лъэхъуэщхэмрэ абыхэм егъэщIылIа псэуалъэхэмрэ ухуэным, тутнакъхэр зыхъумэну зауэлIхэр гъэкIуэн-къэгъэкIуэжыным мылъкушхуэ текIуэдэнут. Езы гъуэгум и кIыхьагъыр-щэ? А псоми хэлъхьэж хабзэм ебэкъуахэр зэрыпхуэмыIыгъынури. Австралиер ипэжыпIэкIэ хытIыгущ, абы ущыщIэпхъуэжыфынукъым. АрщхьэкIэ Аляскэм щагъэлажьэ тутнакъхэм и дежкIэ гугъуехьышхуэ хэлъынутэкъым щIэпхъуэжу Канадэм зыщагъэпщкIуным. А зэманым а къэралыр зи колониеу щыта Инджылызыр, дауи, хьэзырт ахэр къигъэIулэну. Арати, апхуэдэ Iэмалми къыпыкIын хуей хъуащ.

АрщхьэкIэ, абы щыгъуэм ямыщами, Урысейм хуэIыгъыфынут а щIыналъэр иужькIэ? ФIэщ щIыгъуейщ. Куэдрэ къэхъуащ а щIыналъэр трахыфын хуэдэу Урысейр щыкъаруушаи. Англосаксхэм я мызакъуэу, японхэри абы хущIэкъунут. 1904-1905 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Япон зауэм Урысейр къызэрыщыхигъэщIар, 1917 гъэм екIуэкIа революцитIыр, урикъунщ ди къэралыр щIетIысэха къэрибгъэлъэгъуэну. Я гугъу тщIыххэнкъым блэкIа лIэщIыгъуэм и кIэухым къыкъуэкIа «реформаторхэми», шэч хэмылъу, ар зы мыхьэнэншэкIэ ящэну зэрыщытам.

Аращи, ди къэралым и дежкIэ апхуэдизу IейкIым «Урысей Америкэм» пасэу къызэрыпыкIар

ЕпцIыжакIуэхэм я гъащIэр зэраухыр

Сыт хуэдэ бэнэныгъэри егъэкIуэкIын хуейщ зы бзыпхъэ гуэрым ущхьэдэмыхыу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, икIагъэм хуэмыкIуэу. Арыншамэ, абы бзаджэнаджагъэм ухуишэнущ. ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэми, иужьIи Урысейм щекIуэкIахэм къагъэлъэгъуащ ар зэрыпэжыр. Зи гугъу тщIыр полицэ щэхум езым и бзэгузехьэхэр революцэ зэщIэхъееныгъэм куэду хишэу зэрыщы-тарщ. Хабзэм езэгъыртэкъым, ауэ охранкэм (арат а зэманым полицэ щэхум зэреджэр) къилъытэрт къэралым и ухуэкIэр зэзыхъуэкIыну хущIэкъухэм я бийуэ сыт хуэдэ Iэмалри къэбгъэсэбэп хъуну. АрщхьэкIэ а Iуху гъэувыкIэм къимыгъэщIынкIэ Iэмал иIакъым гущыкIыгъуэмрэ нэджэIуджагъэмрэ. А зэманым революцэ зэщIэхъееныгъэм щынэхъ лъэщ дыдэ социал-революционерхэм (эсерхэм) я партым и Дзэ зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэу икIи абы къыдэкIуэуи полицэм и бзэгузехьэ нэхъыщхьэу щыта Азеф Евно и щапхъэм и закъуэ урикъунущ ар къыбгурыIуэн папщIэ.

...КЕЛЬН икIыу Берлин кIуэ мафIэгур гъуэгу зэрытехьэу, полицэм и департаментым и унафэщIу щыта Лопухин Алексей зэрыс купем щIыхьащ зыпэмыплъа хьэщIэр - Бурцев Владимир. А тIур зэрыцIыхурт. «Былое» тхыдэ журналым и редактору щыту Бурцевым Лопухиным зыхуигъэзат и гукъэкIыжхэр къытрыригъэдзэну, арщхьэкIэ иужьрейм идатэкъым: хуейтэкъым бзэгу къыхуэзыхьу щытахэр хэIущIыIу ищIыну. Иджыри Бурцевым апхуэдэ Iуэхут кърихуэкIыр. Зыгуэрхэм тепсэлъыхьа иужь аращ зыхуэкIуэжари.

- Хуит сыкъэфщI, Алексей Александрович, - зыхуигъэзащ абы полицейуэ щытам. - Сэ а бзэгузехьэ епцIыжакIуэм теухуауэ сщIэ псори пхуэсIуэтэну - революционерхэм я дежи охранкэм и дежи щызэфIигъэкIахэм. Абы къалэн тIуащIэ зэрырихьэкIам и щапхъэхэр къыпхуэсхьынщ. Сэ ар сэтей къэсщIыным зэманышхуэ тезгъэкIуэдащ, ауэ и ныбжьэгъухэм я фIэщ сыхъуркъым, пцIы теслъхьэу жаIэ.

- СынодаIуэ, Владимир Львович, - гукъыдэжышхуэ имыIэу пэджэжащ абы бысымыр.

Бурцевым къыщIидзащ. Абы Азеф и цIэр кърилуакъым, арщхьэкIэ Лопухиным къыгурыIуащ хэт и гугъу ищIми. КIуэ пэтми телъыджэ щыхъурт Бурцевыр куэдым зэрыщыгъуазэр. Нэхъ телъыджэжырати, абы езым а псоми зыри хищIыкIыртэкъым.

Лопухин щIалэжтэкъым. Абы куэд илъэгъуат, Бурцевым къыхуиIуэтэжахэми, и блэкIари нэгу къыщIагъэхьэжырт. АдыгэпщцIэрыIуэ Редадэ къытехъукIа лъэпкъ уардэм къыхэкIа ар пэмыплъэххауэ департаментым и унафэщI хъуат, адэкIэ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министр хъуным щыгугъыу. КъэзыгъэIулари а къулыкъур зыIыгъ Плевет. Ауэ ар яукIа иужь псори къызэтещэхащ. Къуаншэри хэт и гугъэнт! - ар езыгъэукIа Азеф, охранкэм и бзэгузехьэ нэхъыщхьэр арауэ къыщIокI!

Бурцевым и псалъэм нигъэса иужь Лопухиным жиIащ: «Сэ зыбжанэрэ сыхуэзащ Азеф Евно».



Мис апхуэдэу сэтей къэхъуащ Эсерхэм я Дзэ зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэр епцIыжакIуэу зэрыщытыр. Хэбгъэзыхьмэ, ар епцIыжакIуэ къызэрыгуэкIтэкъым, атIэ епцIыжакIуэ тIуащIэт: революционерхэми яхуэдэ дыдэу щэхурылажьэ полицэми яхурикъуат, хэбгъэзыхьмэ. Иджыри къэс тхыдэджхэм яхузэхэгъэкIыркъым хэт бжэгъу нэхъыбэ яхухисами - зы лъэныкъуэкIэ бзэгузехьэу зэрылэжьа илъэс 16-м (1892-1909 гъэхэм) революционерищэхэр иригъэукIащ е иригъэгъэтIысащ, ауэ нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ и зэранкIэ, пащтыхь къулыкъущIэшхуэ (Плевеи яхэту) дунейм ирагъэхыжащ.

Азеф Евно 1869 Гроднэ губернэм къыщалъхуащ. Унагъуэшхуэ икIи къулейсыз къыхэкIащ. Мыгувэу нэхъ псэукIэфI къалъыхъуэу Дон Iус Ростов Iэпхъуащ. Ауэ мыбыи я Iуэху къыщикIакъым. Сыт хуэдэ IэмалкIи мылъку зыIэрыгъэхьэн - ар и хъуэпсапIэу къэтэджащ Евно. Гимназиер ерагъкIэ кърагъэуха иужь унагъуэм иIэжтэкъым адэкIэ ар зэрырагъэджэн. ХэкIыпIэ къигъуэтащ - зы къулей гуэрым гъэпцIагъэкIэ сом 500 къыIэщIигъэкIри, Германием и Карлсруэ къалэм и политтехникумым щIэтIысхьащ.

Студентхэм къахэхута иужь революцэ гупсысэхэм ятхьэкъуа щIалэгъуалэм яхыхьащ, щэхурылажьэ кружокхэм кIуэуэ хуежьащ. 1894 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м полицэм и департаментым япэ письмор хуитхащ. И унэцIэ дыдэр кIэщIитхащ: лъэIуащ къигъэлъэгъуамкIэ жэуап кърагыжыну. Апхуэдэу ягуригъэIуат зы мазэм тумэнитху къудейкIэ яхуэлэжьэну зэрыхьэзырыр. АрщхьэкIэ мыдрейхэри пэкIэ псы ефэртэкъым: занщIэу къищIащ къахуэтхэр, абы и шыфэлIыфэр икIи жэуапу кърикIыжащ зэрыарэзымкIэ. Абдеж Азеф щытехьащ и зы гъуэгуанэшхуэм. Адрей гъуэгуанэшхуэм ар щытеувар а зэманым социалист-революционерхэм къызэрагъэпэщ партым и пашэ Аргуновым хуэза иужь. Иужьрейм ар псынщIэу гъунэгъу хуэхъуащ.

Мыгувэу Азеф IэнатIитIми и щхьэкIэ щыдэкIуейуэ щIидзащ. Полицэм абы и улахуэр генералым иратым къыкIэрымыху ищIащ, эсерхэм я деж аурэ я партым и Боевой зэгухьэныгъэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, террористхэм я Iэтащхьэ хъуащ. Апхуэдэурэ екIуэкIащ зищIыс дыдэр сэтей къыщащIа 1909 гъэр къэсыху. ИужькIэ щIэпхъуэжын хузэфIэкIащ. Зыкъом лъандэрэ и щIасэ нэмыцэ цIыхубзым и деж хэщIапIэ къыщигъуэтащ. IэнатIитIми щызэригъэпэщауэ ахъшэфI иIэт. Абы ирипсэуащ, дунейр къызэхикIухьащ. Азеф сыт щыгъуи хуэдэу хуабжьу сакът: ар шынэрт къэзыцIыху хуэзэнкIэ. Япэ дунейпсо зауэм щIидзэри, и Iуэхухэр зэIыхьащ, Октябрь революцэм иужькIэ, уеблэмэ, ягъэтIысащ, «большевикхэм я шпион» къыфIащри. Хуит къащIыжа иужь куэдрэ псэужакъым. И щIасэ цIыхубзым абы и кхъащхьэм Азеф и цIэ унэцIэр зытет сын щигъэув хъуакъым: бзэгу ихьу игъэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм зэхафыщIэнут. Апхуэдэущ е абы ещхьущ епцIыжакIуэхэм я гъащIэр зэраухыр.

● Ди зэфIэкIхэр

Гъэшымкlэ Шэджэмырщ пэрытыр

2025 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу Шэджэм щIыналъэм и фермер, уней IуэхущIапIэхэм гъэшу къыщалэжьам зэрыхагъахъуэ псынщIагъэмкIэ республикэм и районхэм я деж ахэр щыпэрытщ.

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, мы гъэм и щIышылэм – мэкъуауэгъуэм щIыналъэм шэ тонн мин 3,9-рэ къыщашащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 23,7-кIэ нэхъыбэщ ар.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэуэ къэдгъэлъагъуэмэ, къапщытэж пIалъэм къриубыдэу фермер, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту гъэшу къыщашащ тонн мин 47,9-рэ икIи 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 4,4-кIэ нэхъыбэщ.

Ерыскъы гуакIуэхэмкIэ къыдахьэх

Мэзкуу къалэм и ВДНХ-м мы махуэхэм щокIуэкI «Вкусы России» зыфIаща, ерыскъыхэкIхэр щагъэлъагъуэ урысейпсо фестиваль. УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу абы щыIэ 77-м яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри.

Къэрал зэхуэсышхуэм ди республикэм щыщу щыIэщ «Велес-Агро» джэдкъаз зезыхуэ IуэхущIапIэр. Абы и продукцэхэм хохьэ джэдыл гъэщтахэр, нэкулъ лIэужьыгъуэхэр: гъэвахэр, IугъуэкIэ ягъэгъуахэр, джэдыл хэплъыхьахэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ зыIуагъэхуэфынущ икIи я IафIагъыр зрагъэщIэфынущ КъБР-м и стендым къыбгъэдыхьэ дэтхэнэ зыми.

А гъэлъэгъуэныгъэр 2020 гъэм щегъэжьауэ ирагъэкIуэкI икIи илъэс къэс ди республикэм щыщ IуэхущIапIэхэр абы хэтщ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

ЦIыху мин 26-м зыщагъэпсэху

Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и санаторэхэм зыщагъэпсэхуащ цIыху мин 26-м.

«Санатории-России.рф» порталым иджыблагъэ зэхигъэуващ къэралым и щIыналъэхэм я зыгъэпсэхупIэхэм ящыщу щIэупщIэ нэхъыбэ зиIэхэм теухуа рейтинг. Абы щызэпалъытащ къапщытэж пIалъэм къриубыдэу абыхэм щыIахэм я бжыгъэр.

Рейтингым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2025 гъэм и япэ мазихым Къэбэрдей-Балъкъэрым и санаторэхэм цIыху мин 26-м я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъащ - нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIахэм нэхърэ процент 11-кIэ нэхъыбэм. А пIалъэм къриубыдэу республикэм и санаторэхэм сом мелуан 355-рэ къалэжьащ. Апхуэдэу щытми, абыхэм я пэшхэм я процент 40-рщ хьэщIэхэм яубыдар.

УФ-м и Лъэпкъ курорт зэгухьэныгъэм и правленэм хэт Терентьевэ Евгение зэрыжиIамкIэ, щIыналъэхэм я санаторэхэм дапхуэдизу щIэупщIэ ямыIами, путевкэ уасэр зэрылъапIэм къыхэкIыу, къэралым щыпсэухэм я нэхъыбэм яхуэзэфIэкIыркъым абыхэм щыIэну. Ар и щхьэусыгъуэщ хамэ къэралхэмкIэ еплъэкIхэм я бжыгъэр нэхъыбэ щIэхъум. Абы нэмыщI, дыдейхэм елъытауэ абыхэм къыщыхуагъэлъагъуэхэр нэхъ езэгърабгъуэщ. Апхуэдэуи цIыхухэр IуагъэщтыкIынкIэ хъунущ ди къэралым и санаторэхэм я нэхъыбэм я инфраструктурэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ иджырей мардэхэм зэрыхуэмыкIуэм.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Къыхахыфатэкъым...

ПщылIыр пасэу Урысейм щыIукI пэтащ. Абы IэмалыфI къыхукъуэкIат зыужьыныгъэ тэмэмым и гъуэгум теувэну, ауэ апхуэдэхэм деж къызэрыхъу хабзэщи, псори напIэзыпIэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зыпэмыплъам икъутэжащ.

НАIУЭУ зэрыщытщи, Петр Езанэр лIа иужь Урысейм и пащтыхь хъуащ абы и щхьэгъусэ Екатеринэ Езанэр. ЖьыщIакIуэу къэгъуэгурыкIуа а бзылъхугъэр зэрымыщIэкIэ тахътэм къихутати, къэрал зехьэкIэм щыгъуазэтэкъым. Абы ар икIи фIэфIтэкъым. А къалэныр абы и пщэ далъхьат джыназ Меншиков Александр зи пашэ лIакъуэлIэш гупым, езым абыхэм ящI унафэхэм Iэ щIидз къудейуэ арат. 1727 гъэм Екатеринэ щылIэм гупыр регент хуэхъуащ пащтыхь тажыр сабийуэ зыщхьэратIэгъа Петр ЕтIуанэм. АрщхьэкIэ ари мыгувэу фэрэкI узым ихьащ. Мис абдеж гупым я пащхьэм къиуващ жэуап зритын хуей упщIэ гугъу: хэт пащтыхь хъунур? Ар зылъысын хуей цIыхухъухэр абдеж щиухати, гупыр иджы яхэдэн хуейт цIыхубзхэм.

Зи гугъу тщIы гупым хэтхэр, дауи, зэщхьэщыкIырт я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ, ауэ мыбдеж псори щызэгурыIуащ: тахътэм итIысхьэн хуейр пащтыхь Алексей и къуэ Иван ипхъу Аннэщ. Абы щIытраухуам лъабжьэ иIэт: а цIыхубзыр къащыхъурт нэмысыфIэу, мылъкум щимыгъэкIауэ, унафэхэр къыщищтэкIэ, чэнджэщхэм едэIуэну. Ауэ джыназ Голицын Дмитрий къыхилъхьащ Курляндием и герцогиням (нэгъуэщIу жыпIэмэ, Аннэ) тажыр хуагъэлъэгъуэн ипэкIэ езы пащтыхьым и властыр ягъэмэщIэну. АбыкIэ арэзы хъуащ адрейхэри. Голицыным зэхилъхьащ а дэфтэрыр - «Кондицэхэр». Абы щыубзыхуат «Совет щэху ищхьэм (арат «гуп» хъужри) и Iизыныншэу пащтыхьыр хуимыту: 1. Зыми зауэ ирищIылIэну. 2. Мамырыгъэ ирищIылIэну. 3. Дэ къыткъуэпэжу къыткъуэтхэм къеIытххэмкIэ затедгъэхьэлъэну. 4. КъулыкъущIэхэр игъэувыну. 5. Шляххэр иукIыну, абыхэм щIапIэхэр къатрихыну. 6. ЧэнджэщакIуэ гуп нэхъыщхьэм имыщIэу урысхэри нэгъуэщI къэралхэм къикIахэри джыназхэм яхигъэхьэну. 7. Къэралым и хэхъуэхэм хэIэбэну». Ахэр имыгъэзащIэмэ, пащтыхь тажыр къытрахыжынут.

Псори Инджылызым щекIуэкIахэм ещхьт. Ауэ ар щIэдзапIэ къудейт. ИужькIэ я мурадт адэкIэ нэхъри кIуэтэну: Конституцэу къащтэну «Кондицэхэм» къадэкIуэу, нэгъуэщI пэхуэщIэу 7 ягъэхьэзырат, абыхэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу. Абыхэм ящыщ зыр нэхъ мыхъуми пхыкIамэ, Урысейм и зыужьыныгъэр гъуэгущIэм техьэнут. Нэхъыщхьэращи, пащтыхьым и власть гъунапкъэншэм кIэ игъуэтынут.

Дауи, герцогиням игу ирихьакъым и пащхьэ иралъхьа «Кондицэхэр». Ауэ тажыр зыIэщIимыгъэкIын щхьэкIэ къыхуагъэлъэгъуа псомкIи арэзы хъури, Iэ щIидзыну зэрыхьэзырыр жиIащ. Псори зэфIэкIа хуэдэт. АрщхьэкIэ утыкум къихьащ лIакъуэлIэш нэхъ жьгъейхэр, гвардием и офицерхэр, члисэм и унафэщIхэр. Ахэр арэзытэкъым «КондицэхэмкIэ». Абыхэм къалъытэрт «пасэ лъандэрэ Урысейм къызэрыщекIуэкIым хуэдэу, пащтыхьым унафэ псори IэщIэлъын хуейуэ, абы зыри дэгуашэ мыхъуну». Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а зэманым куэдым къагурыIуэртэкъым «Кондицэхэм» къикIыр. Ахэр и щIэгъэкъуэну джыназ Голицыным тажыр иубыдыну къафIэщIырт.

ЧэнджэщакIуэхэр къепщIэкIа пэтми, Москва кIуа иужь, Аннэ къищIащ цIыху къызэрыгуэкIхэр езым къызэрыдэщIыр. ИкIи ар къигъэсэбэпащ: и блыгущIэтхэм цIыхухэр зэщIагъэплъащ. 1730 гъэм гъатхэпэм и 8-м Москва и Лефорт уардэунэр, Аннэ къыщыувыIар, цIыху 800-м къаухъуреихьащ. Абыхэм я лIыкIуэхэм бзылъхугъэм лъэIукIэ зыхуагъэзащ «пащтыхь нэсу икIи зыми худимычыхыу щытыну», «Кондицэхэр» зэфIитхъыжыну. АрщхьэкIэ «Кондицэхэр» зэхэзылъхьахэри тIысыжакъым: абыхэми жаIащ а дэфтэрым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну зэрыхьэзырыр.

А псори щилъагъум, Аннэ, «цIыхубэм къыхуагъэувахэм текIыным темыгушхуэу» «Кондицэхэр» зэфIитхъри, лъэгум иридзащ. А дэфтэрыр ныкъуэзэфIэтхъыу къэнащ икIи мы зэманым щахъумэ Пасэрей Iэрытххэм я Урысей къэрал архивым.

Иджы тхыдэдж куэдым шэч къытрахьэ пащтыхь гуащэр «цIыхубэм я фIэфIыныгъэм» хэпщIауэ зэрыщытам: езым зыри химыщIыкIыу псори къэхъуауэ хуагъэфащэ. Ауэ нэгъуэщIым щыхьэт тохъуэ лIэщIыгъуэ зыбжанэ зи ныбжь хъыбарыжьыр: «Пащтыхь тажыр щхьэратIэгъа иужь, Аннэ тахътэм къитэджыкIри, занщIэу бгъэдыхьащ джыназ Долгоруков Василий (гупым щыщ зым). И пэр иубыдри, унащхьэр щIэзыIыгъэ пкъо гъэжам иришэлIащ (Iуэхур щекIуэкIыр Грановитэ палатэрт). Грознэм и сурэтым и дежи къыщыувыIащ:

- Джыназ Василий Владимирович, уэ пщIэрэ мыр зи сурэтыр хэтми?
- СощIэ, Зи ЩIыхьыр лъагэ!
- Хэт?
- Пащтыхь Иван Василий и къуэрщ.
- АтIэ абы къыдэкIуэуи зэгъащIэ, сыцIыхубзми, апхуэдэ дыдэу сыкъызэрыщIэкIынур. Фэ делиблыр фыхущIэкъуащ сыкъэвгъэпцIэну, ауэ сэ фэ сыфтекIуащ!»

Пащтыхь гуащэм и псалъэр игъэпэжащ - гупым хэтахэм къащыщIар узижагъуэнщ. Джыназ Долгорукий зэкъуэшхэр япэщIыкIэ Сыбыр яхуащ, иужькIэ, щхьэпылъэ ящIащ. «Кондицэхэр» зыгъэхьэзыра Голицыным къэрал къулыкъу псори щхьэщахащ. Илъэси 6-кIэ и гугъу къамыщIу и щIапIэм щыпсэуащ, ауэ 1736 гъэм, «щэху зэгурыIуахэм» яхэтауэ ягъэкъуаншэри, Шлиссельбург быдапIэм яшащ, мыгувэуи абы щIэлIыхьащ.

Мис апхуэдэу зы бзылъхугъэ закъуэм къызэпиудащ Урысейм и къэкIуэнур. Гъунапкъэншэ пащтыхь властыр щагъэкIуэдар 1917 гъэм и мазаерщ. Ауэ ар илъэс 300-кIэ (!) нэхъ пасэу къэсын хуеят...

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● ЩIэин гъэщIэгъуэнхэр

Кыщпэк и Iуащхьэхэм яхъумар

УФ-м Шынагъуэншагъэмкlэ и къулыкъущlапlэм и управленэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиlэ къудамэм КъБР-м и Лъэпкъ музейм тыгъэ хуищlащ археологие хьэпшып гъэщlэгъуэнхэр.

ХЬЭПШЫПХЭМ я бжыгъэр 347-рэ мэхъу. Абы щыщ языныкъуэхэр ди эрэм и япэ илъэс минищэм, нэхъ кlасэхэр ди эрэм и 14-нэ лlэщlыгъуэм щыщщ. Iэщlагъэлlхэм къызэралъытэмкlэ, абыхэм къаlуэтэж ди щlыналъэм и археологие тхыдэр. Къыхэдгъэщынщи, дунейпсо щэнхабзэ щlэин мыхьэнэ зиlэ хьэпшыпи яхэтщ къагъуэтахэм.

Лъэпкъ музейм къыlэрыхьа хьэпшыпхэм къыхагъэфlыкl Кыщпэк кхъэлъахэм Iуащхьэм и Iуащхьэ 13-м къыщагъуэтащ. Псом хуэмыдэу щlэныгъэлlхэм гъэщlэгъуэн ящыхъуащ таж пыlэр, сыту жыпlэмэ дуней псом апхуэдэу тху нэхъыбэ щыlэкъым.

Къэрал тхыдэ музеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlэныгъэ центрымрэ я щlэныгъэ лэжьакlуэ Кадиевэ Аннэ зэрыжиlэмкlэ, таж пыlэ а хьэпшыпхэм зэрахэлъыр щыхьэт тохъуэ пасэ зэманым щыlа унафэщlхэм диплома -тие зэпыщlэныгъэ жыжьэхэр зэраlам.

- Апхуэдэ таж пыlэр и закъуэнкlэ lэмал иlакъым, абы щlыгъуахэри зэрылъапlэми шэч хэлъкъым, псалъэм папщlэ, шы lэпслъэпсхэмрэ нэгъуэщl кlапсэ зэуlухэмрэ. УФ-м и Музей фондым, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и фондым щlэныгъэлlхэм лъапlэу къалъытэ апхуэдэ хьэпшыпхэр зэрыхэлъым мыхьэнэшхуэ иlэщ, - жиlащ Кадиевэ Аннэ.

Сармат зэманым щыlа археологие хьэпшыпхэмрэ фэилъхьэгъуэхэмрэ музейм и гъэтlылъыгъэм къызэрыхэхъуар щхьэпэ яхуэхъуну къалъытэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр езыгъэкlуэкl щlэныгъэлlхэм. Кавказ Ищхъэрэм, Къуэкlыпlэ Европэм, Рим империем щыпсэуа лъэпкъхэр къызэщlиубыдэу я щэнхабзэ lуэхухэр зыхуэдар нэхъ гурыlуэгъуэ хъуну жаlэ абыхэм.

- Кыщпэк кхъэлъахэм и Iуащхьэ 13-м къыщагъуэта хьэпшыпхэр щыхьэт тохъуэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэуахэмрэ Ищхъэрэ Тенджыз ФlыцIэм, Къырымым, Кавказ Щlыбым, Ираным исахэмрэ пасэрей Рим империем и зэманым яlа зэпыщlэныгъэхэм, - жиlащ РАН-м и археологие институтым и скифо-сармат къудамэм и щlэныгъэ лэжьакlуэ Демиденкэ Сергей.

- Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкlэ, щlыналъэм и унафэр зыlэщlэлъа цlыху пашэхэм папщlэ ягъэхьэзыра хьэпшыпщ ахэр, - жеlэ «Кавказым археологиемкlэ и институт» ООО-м и унафэщl Атабиев Бияслъэн.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм а хьэпшыпхэр щlагъэзэгъэн ипэкlэ ахэр къагъэщlэрэщlэжын хуейщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Ди лъэпкъ щIыпIэцIэхэр

● ПщIэну щхьэпэщ

Тхаб (Тхыбэ, Тхьэбэ)

А цlэр зэрехьэ Геленджик («Хъулъэжъый», зэпкърытхмэ: «хъулъэ»-«хъупlэ», «жъый»-«цlыкlу») къалэм къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ къыщхьэщыт лъагапlэм. А бгыр хохьэ Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм и зы къудамэу къалъытэ Къуацэгъур тхыцlэм.

АТIЭМИ, метр 905-рэ зи лъагагъ Тхыбэ (Тхьэбэ) Iуащхьэжьыр нэгъуэщl псыхъуэ кlэщl цlыкlухэми я къыщlэдзапlэщ, псори къэзэдэтщтэмэ, я къущхьэзэlухуэпхъэщ.

Тхыбэ и бгыщlэм къуэпсыбэу зыщызэхуэзыхьэс Пэпай псы цlыкlур Пшадэ хокlуэсэж. Иужьрейр хы Фlыцlэм холъэдэж. А бгы дыдэр зи къежьапlэ Абын псыр нэхъ инщ, здежэхри Псыжь здэщыlэ ищхъэрэкlэщ. Езы Тхыбэ зи цlэ къитlуа псыхъуащхьэхэм, зыщигъэуардэу, я зэхуаку дэтщ.

Тхакlуэ, егъэджакlуэ, лъахэхутэ Твёрдый Александр «Топонимический словарь Кавказа» и тхылъым къызэрыщигъэлъэгъуамкlэ, щыlэщ мы бгым урысыбзэкlэ зэреджэ «Тхаб» фlэщыгъэр «тхьэ куэд здэщыlэ щlыпlэ» мыхьэнэм хуэзыгъэкlуэну хущlэкъухэри а бгъэдыхьэкlэм лъабжьэ куу имыlэу къэзылъытэхэри.

Тхыбэ и Iэгъуэблагъэр хабжэ Урысейм и щlыналъэ зэмылlэужьыгъуэхэм къикlыу Кавказ Ищхъэрэм къакlуэ зыплъыхьакlуэхэр нэхъ дэзыхьэх щlыпlэхэм.

Къимыдэкlэ, Тхыбэ и щыгумкlэ щхьэпрокl совет лъэхъэнэм къыщыщlэдзауэ зыплъыхьакlуэ куэдым я нэгу зыщрагъэужьу къекlуэкlа, «Кубаным и партизан лъагъуэхэмкlэ» зыфlаща турист гъуэгуанэри. Мы бгыщхьэм тетщ геодезием хуэлажьэ щlэныгъэ lуэхущlапlи.

Iуащхьэр зэрымыин дыдэм, и къехыпlэхэр зэрымызадэм, зэрымыгугъусыгъум къыхэкlыу, и lэхэлъахэр тыншщ альпинизмэм хыхьагъащlэхэм япэ лъэбакъуэхэр щачынымкlи. А псом къадэкlуэуи, мы щlыпlэр, «япэ лъэбакъуэ» зычхэм я дежкlэ, бгыхэм я зэхэтыкlэр я нэгу къыщlэзыгъэувэщ, езыгъэлъагъущ, я дахагъэр зыхезыгъащlэщ, зыгъэпсэхупlитlым я хэщlапlэщ.

Къинэмыщlауэ, «Тхыбэ» («Тхаб») цlэр кlэрыпщlащ Къуацэгъур шытхым ипщэкlэ гъэза и джабэ нэкlухэр зи къежьапlэ нэгъуэщl псы цlыкlуми. Ар, километри 10 зи кlыхьагъ мывалъэ къуэзэвым зыщихъунщlэу дэта иужь, «Дэгубэ» зи фlэщыгъэ псы нэхъ ину хы Фlыцlэм хэхуэжым холъэдэж.

Къуацэгъур - Къуацэ хъурей - Коцехур

Мы фlэщыгъэр зезыхьэ къуршылъэ тхыцlэ джафэр Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм къыхэщхьэхукl Абын бгым пэгъунэгъущ, метр 921-рэ и лъагагъщ.

ТХАКIУЭ, егъэджакlуэ, лъахэхутэ Твёрдый Александр «Топонимический словарь Кавказа» и тхылъ телъыджэм зэрыщитхамкlэ, щlыпlэцlэр «къуацэ гъур», «къуацэ хъурей» мыхьэнэхэм хуэгъэкlуэгъуафlэ пэтми, апхуэдэ бгъэдыхьэкlэр купщlэншэу къэзылъытэхэри щыlэщ.

Уарохьэлlэ фlэщыгъэр «кхъуэ», «цэ» («дзэ»), «гъур» псалъэхэмкlэ зэпкърызыхыну хущlэкъухэу «кхъуэм и дзэпкъ быдэ» мыхьэнэм хуэзыгъакlуэхэми.

Ковешников Вячеслав «Очерки по топонимике Кубани» и тхылъым къызэрыщигъэлъэгъуамкlэ, щыlэщ щlыпlэцlэр «къэухъуреихьам ику» гупсысэм хуэзышэну пылъхэри, абхъазыбзэм хэт «ака-цахур» - «хьэцыбанэ» псалъэм тезыгъэхьэну щlэхъуэпсхэри.

Абын

Аращ зэреджэр 1835 гъэм быдапlэ папщlэу яухуэу, иужькlэ къалэ цlыкlу хъужа Абинск жылэм пхрыж псым. **Лъахэхутэхэм ящыщу языныкъуэхэм къызэралъытэмкlэ, а цlэр «мэз» мыхьэнэ иlэу абхъазыбзэм хэт «абнэ» псалъэм къытепщlыкlащ**.

ЩIЫПIЭЦIЭХЭР джыным куэдрэ яужь ита Твёрдый Александр «Топонимика Кавказа» и тхылъ удэзыхьэхым зэрыщитхымкlэ, «Абын» фlэщыгъэр а бзэ дыдэм «быдапlэ» мыхьэнэ зиlэу къыщыкlуэ «абаа» жыlэкlэми йокlуалlэ, дызытепсэлъыхь щlыпlэм и Iэгъуэблагъэхэм иса «абун» мэуэт лъэпкъым зэреджэу щытами, илъэс 2150-рэ ипэкlэ псэуа алыдж астроном, математик, географ Птолемей Клавдий Къухьэпlэ Кавказым хуэзэхилъхьауэ щыта картэм къыщигъэлъэгъуа Абунис быдапlэжьым и цlэми хуокlуэ.

Зи гугъу тщlы псыр Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм едза тхыцlэ нэхъ цlыкlухэм ящыщ зым, «Къуацэгъуркlэ» зэджэм, ищхъэрэ лъэныкъуэмкlэ гъэза и джабэ нэкlухэм къыщожьэри, а ищхьэхэмкlи, хуэдэ щымыlэу, зэнзэныпсрэ къуэпсыбэу зыкъыщызэщlекъуэ.

Шапсыгъхэм, зэрыщыту къатщтэмэ адыгэхэм, я щэнхабзэм дихьэххэр кlуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум и фlыгъэкlэ, Абын и кlейм зыщызыплъыхь щlыпlаплъэхэм я бжыгъэми гъэ къэс хэхъуэ зэпытщ. Ахэр малъхъэдису зыщlэзышэ нэгузегъэужьыпlэхэм ящыщщ мы къуэладжэр ижь-ижьыж лъандэ-рэ зи хэщlапlэрэ адэкlэ-мыдэкlэ lэрамэlэрамэу щызэхэт испы унэжьхэри (дольменхэр, мегалитхэр).

Зи ныбжьыр илъэс мини 3-м щхьэдэха а ухуэныгъэ телъыджэхэр щlыпlаплъэрыгъуазэхэм зрапхыр, ди гуапэ зэрыхъунщи, адыгэхэм я тхыдэрщ. Ипэжыпlэкlи, мывэ джафэ пхъэбгъушхуэхэр апхуэдизкlэ дахэу икlи зэгъэкlуауэ зэтегъэзэгъащи, абыхэм яlуплъэ дэтхэнэми и зэхэлъыкlэр ямыгъэщlэгъуэн яхузэфlэкlыркъым. Мегалитхэм нэхъыбэ дыдэу узыщрихьэлlэр Абын къыхэлъадэ Жьанэпс псы бгъунж цlыкlум и lуфэращ.

Гъэм и хуабэгъуэм зыкърезыгъэхьэлlэ щlыпlаплъэхэм зи лъащlэр лъагэу щхьэщыlэтыкlа машинэхэмкlэ (джип лlэужьыгъуэхэмкlэ) Абын и псыхъуэмрэ и бгъунжырыкlуэ къуэладжэхэмрэ къызэхажыхь. Бдзэжьей щещэну къыдыхьэхэми я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ, «къуентхъыншэ» ахэр мы щlыпlэм зэрыщымыхъум и нэщэнэу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Фермерхэм я еджапIэм ирагъэблагъэ

«Урысеймэкъумэшбанкым» къызэригъэпэщауэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къэралым щылажьэ «Фермерым и еджапlэм» мы гъэм щlэтlысхьэнухэр КъБР-м къыщыхахын щlадзэнущ.

МЭКЪУМЭШ lэнатlэм и унэтlыныгъэхэм хыхьэу, шэ куэду къэзыт, лы куэду зытезылъхьэ lэщышхуэхэр зехуэнымрэ жыг хадэ гъэкlынымрэ я щэхухэр зрагъэщlэнущ абы щlэтlысхьэнухэм. Ахэр щеджэнур Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетырщ, щыщlадзэнури жэпуэгъуэм и япэ махуэхэрщ. Иджыпстукlэ лъэlухэр къыlах.

«Фермерым и еджапlэм» щlэтlысхьэ хъунущ мэкъумэш, фермер, уней lуэхущlапlэхэм я унафэщlхэр, я щхьэ хуэлэжьэжыну къуажэ щlыпlэхэм зыщезыгъэтхахэр, еджапlэ ищхьэхэр, колледжхэр къэзыуха дэтхэнэ зыри. Проектым хыхьэн папщlэ абыхэм зыщрагъэтхын хуейщ РСХБ-м и «Свое фермерство» платформэм https://svoefermerstvo.ru/farmers-way/school. Iуэхум теухуауэ упщlэ зиlэхэри мы телефонымкlэ псалъэ хъунущ - 8 (8662) 40-31-09.

Абы нэмыщl, зэхьэзэхуэхэм хэмыту «Фермерым и еджапlэм» цlыхуипщl къищтэнущ СВО-м щыlахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ящыщу. Апхуэдэхэм зыхуагъэзапхъэщ «Хэкум и хъумакlуэхэр» щlыналъэ фондым - 8-988-928-95-34.

«Иужьрей илъэситlым lэщ гъэхъун lэнатlэмрэ жыг хадэ гъэкlынымрэ lэщlагъэлl 55-рэ хуэдгъэхьэзыращ. «Фермерым и еджапlэм» ущlэтlысхьэн щхьэкlэ пщlэ щlэптыркъым икlи ар lэмалыфl дыдэщ, щlэупщlэ зиlэ lэщlагъэхэр зэбгъэгъуэтын щхьэкlэ. Абы къыхэкlыуи, си лъахэгъухэр къыхузоджэ ар зыlэщlамыгъэкlыну, я псэукlэр ирагъэфlэкlуэну, щlэ гуэр абы халъхьэну, республикэм и мэкъумэш lэнатlэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфlхэр хуащlыну.

«Фермерым и еджапlэр» - ар «Урысеймэкъумэшбанкым» и федеральнэ егъэджэныгъэ пэхуэщlэщ икlи егъэзащlэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэр, щlыналъэ унафэщlхэр, мэкъумэш ВУЗ-хэр, мэкъумэш lуэхущlапlэ нэхъ инхэр къыдэlэпыкъуу. И къалэн нэхъыщхьэу щытыр - зи lэщlагъэм хэзышlыкl лэжьакlуэхэр УФ-м и мэкъумэш lэнатlэм хуэгъэхьэзырынырщ. Абы узэрыщеджэнур мазищ иримыкъущ», - жиlащ «Урысеймэкъумэшбанкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщl Сокъур Алим.

Къыхэдгъэщынщи, 2020 гъэм «Фермерым и еджапlэм» къэралым лэжьэн зэрыщыщlидзэрэ УФ-м и щlыналъэхэм ящыщу 83-м я цlыху мини 9 щlигъу мэкъумэш lэнатlэм хуигъэхьэзыращ.

ШЭДЖЭМЫКЪУЭ Щэуей.

ЯгъэIэпхъуа зэIущIэхэм пашэр яхъуэж

● Футбол

Блэкlа бэрэжьеймрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм ипкъ иткlэ ягъэlэпхъуауэ щыта зэlущlиплl. Абыхэм яужькlэ пашэныгъэр аргуэру иубыдыжащ Псынэдахэ и «Родник»-м.

БЭРЭЖЬЕЙМ Малкэ къуажэм хьэлэмэт къыщыхъу пэтащ. Зэхьэзэхуэм зэрыщlидзэрэ кlэух увыпlэр зыlыгъ «Урыхум» хэгъэрейхэр хигъэщlэным зы мащlэщ иlэжар икlи джэгум и япэ lыхьэр иухащ ар 1:0-у текlуэу. Арщхьэкlэ малкэдэсхэм зызэщlакъуэжащ икlи зэlущlэр 1:1-м хуагъэкlуащ. Хэт ищlэн, абыхэм икъукlэ къайхьэлъэкlауэ къыщlэкlынут махуищ ипэкlэ къахуэкlуа Альтуд и «Искра»-м жэуапыншэу топиплl къыхудигъэкlыу къызэрефlэкlар?!

Тхьэмахуэ махуэм иджыри зэlущlищ зэхэтыжащ. «Родник»-м, Нартан щыlэу хэгъэрейхэм ятекlуэри, япэ увыпlэр иубыдыжащ. Абы зыкъыкlэригъэхуркъым «Тэрчми». Ари «Псыгуэнсум» гугъу дехьыщакъым.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэр и кlэм ноблагъэ. Дыщэ медалхэр зыlэрыхьэнур зэхэкlын папщlэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиlэнухэм ящыщщ «Тэрчыр» «Искра»-мрэ «Родник»-мрэ зэрыдэджэгунур. А зэlущlэхэр нэхъ пасэу зэхэтын хуеят, арщхьэкlэ щхьэусыгъуэ зэмылlэужьыгъуэхэм къахэкlыу ягъэlэпхъуащ.

Гъуащхьэуэхэм я зэпеуэр зэхъуэкlыныгъэншэщ. Пашэныгъэр абы щызыlыгъа «Родник»-м щыщ Урысбий Ратмиррэ «Ислъэмейм» щыджэгу Тамаев Аланрэ дагъэкlа топ бжыгъэм хагъэхъуакъым. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ахэр зэхуэдизрэ (17-рэ) къыщыхэжаныкlащ.

Щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и чемпионатым щагъэlэпхъуауэ щыта зэlущlэхэм къарикlуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Малка**» (Малкэ) - «**Урыху**» (Урыху) - **1:1**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **5:0**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **2:5**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **4:1**.

Дызыхуэкlуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу джэгугъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щызэхэтынущ. А махуэхэм зэlущlэнущ: *шыщхьэуlум и 30-м* - «Черкес» - «Тэрч»; *шыщхьэуlум и 31-м* - «Урыху» - «Спартак-Д», «Бедик» - «Родник», «Искра» - «Псыгуэнсу», «Ислъэмей» - «Нартан», «Логоваз» - «Малка» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Родник»**	**16**	**15**	**0**	**1**	**82-15**	**45**
2.	**«Искра»**	**16**	**14**	**1**	**1**	**73-14**	**43**
3.	**«Тэрч»**	**15**	**14**	**0**	**1**	**65-8**	**42**
4.	«Ислъэмей»	17	9	1	7	54-43	28
5.	«Нартан»	16	7	4	6	52-52	25
6.	«Спартак-Д»	17	6	4	7	40-43	22
7.	«Псыгуэнсу»	17	6	2	9	33-57	20
8.	«Бедик»	17	5	3	9	29-60	18
9.	«Малка»	17	5	1	11	25-45	16
10.	«Черкес»	17	3	3	11	28-68	12
11.	«Логоваз»	17	3	3	11	22-62	12
12.	«Урыху»	17	1	2	14	24-59	5

Куэд кърихьэлIат

СССР-м дзюдомкlэ спортым и мастер Бабаев Къуанч и фэеплъу 21-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэ Налшык къалэм и «Гладиатор» комплексым щекlуэкlащ. Абы щызэпеуащ УФ-м и щlыналъэхэм ящыщу 30-м я бэнакlуэ 800-м нэблагъэ, я ныбжькlэ илъэс 18-м щlимыгъуауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ейуэ зэпеуэм хэтащ бэнакlуи 180-рэ.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, зэхьэзэхуэм апхуэдиз цlыху бжыгъэ зэрыхэтам къыхэкlыу, зэпеуэр олимпиадэ мардэм тету ирагъэкlуэкlащ: зэlущlэр зыфlахьахэр занщlэу хагъэкlащ, «финал» цlыкlуми зыри ягъэкlуакъым. Финалым и lыхьэ нкъуэм щыхагъэщlахэм ещанэ увыпlэр занщlэу иратащ.

Зэlущlэхэм щlадзэным ипэкlэ къызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкlэ зыхуагъэзащ КъБР-м Цlыхум и хуитыныгъэхэмкlэ и уполномоченнэ Зумакулов Борис, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ, Олим джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат, КъБР-м спортымкlэ и министр Хьэсанэ Ислъам, КъШР-м и Парламентым и депутат Хизриев Хьэсэн сымэ, Къуанч и благъэхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ.

Ди республикэм и командэм щыщу Хъуран Къантемыр (кг 66-рэ), Бийболатов Даниял (кг 81-рэ), Щад Дилианэ (кг 70+) сымэ япэ увыпlэр къахьащ. Къамбий Сэфарбийрэ (кг 60) Къанкъул Идаррэ (кг 66-рэ) етlуанэ хъуащ, Къуэныкъуей Идаррэ (кг 50) Молэ Арсенрэ (кг 55-рэ) ещанэщ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Емкъуж Рустам, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ, Ким Руслан, Джэданэ Залым, Мырзэбэч Азэмэт, Махуэ Олег, Соблыр Рустам сымэ.

Мы зэхьэзэхуэр къызэрыхахыу щытащ: япэ, етlуанэ хъуахэм lэмал ягъуэтащ УФ-м дзюдомкlэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтlауэ мы гъэм жэпуэгъуэм Тюмень къалэм щрагъэкlуэкlыну зэlущlэм хэтыну. Абы нэмыщl, дыщэ медаль къэзыхьахэм хуагъэфэщащ УФ-м спортымкlэ и мастерым и кандидат дамыгъэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Тхэквондо

Дыщэ медалу тIу

Iусен Къантемыр

Урысейм тхэквондомкlэ (Олимп джэгухэм хыхьэ лlэужьыгъуэхэмкlэ, ВТФ) и зэгухьэныгъэм и президент Терехов Анатолий и саугъэтыр къэхьыным хуэунэтlа зэхьэзэхуэ зэlуха Налшык къалэм щекlуэкlащ мы махуэхэм. Абы щызэпеуащ УФ-м, Узбекистаным, Белоруссием, Арменгием я спортсмени 130-м нэблагъэ. Щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я ныбжьыр илъэс 15 - 17-м щlигъуртэкъым.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэниплl хэтат зэхьэзэхуэми, абыхэм ящыщу Iусен Къантемыррэ (кг 55-рэ) Къэзанш Къасболэтрэ (кг 73-рэ) япэ увыпlэхэр къахьащ.

Къыхэдгъэщынщи, хамэ къэралхэм къикlауэ зэхьэзэхуэм щызэуа спортсменхэм нэмыщl, егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ дунейпсо зэхуэс щрагъэкlуэкlыу ди республикэм щыlащ Къэзахъстаным, Хьэрып Саудейм, Таджикистаным, Иорданием, Азербайджаным я командэхэри.

«Тхэквондом и мызакъуэу, ди республикэм и спортым и зыужьыныгъэмкlэ лъэбакъуэфlщ нобэрей lуэхугъуэр. Ди деж зэхьэзэхуэ куэд щрагъэкlуэкl, ауэ и инагъымрэ мыхьэнэ иlэмкlэ мы зэlущlэм хуэдэ иужьрей илъэсхэм япэу ди деж щызэхашэу аращ», - жиlащ КъБР-м тхэквондомкlэ и федерацэм и унафэщl Щокъарэ Азрэталий.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ

Урысей МВД-м Налшык щиlэ управленэм зыхуигъэзащ илъэс 22-рэ зи ныбжь къалэдэсым. Щхьэусыгъуэр имыцlыхухэм ахъшэ трахыну зэрыхэтырт. Щlалэщlэм зэрыжиlамкlэ, Налшык дэт сату щlапlэхэм я зым и машинэ гъэувыпlэм деж абы къыщыбгъэдыхьащ цlыхухъуитl. Къаубэрэжьри, къыхуагъэуващ сом мин 350-рэ ярытыну е нэхъапэкlэ езыхэм я цlыхугъэм деж щlалэм къыщищэхуа «Мерседес» машинэр яритыжыну.

ЩIАЛЭМ бзаджащlэхэм къыхуагъэувар игъэзэщlэн идакъым икlи полицэм зыхуигъэзащ.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и полицэм и къудамэ №2-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкlэ, Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыlэм, Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыlэм и ОМОН-м я лэжьакlуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкlуэкlыу яубыдащ шэч зыхуащlхэр. Ахэр щlыпlэм щыпсэу, илъэс 38-рэ зи ныбжь цlыхухъуитlщ.

Яубыдаитlым я зым и уней лъапсэр къыщащым, къагъуэтащ кlэрахъуэм ещхь гъущlхэкl lэмэпсымэ икlи ар къытрахащ.

Цlыхухъум зэрыжиlамкlэ, абы къытрахар пlэтlрон 14 зэрылъ кlэрахъуэ дыдэщ. И ныбжьэгъухэм я зым 2025 гъэм и бадзэуэгъуэм ар къыщигъуэтат Налшык псы lуфэми, абы тыгъэ къыхуищlащ.

Шэч зыхуащlхэм ятеухуа уголовнэ lуэхухэр къаlэтащ.

Сом мин 215-рэ IэщIагъэкI

2025 гъэм шыщхьэуlум и 20-м Урысей МВД-м и Налшык управленэм зыхуигъэзащ илъэс 20 зи ныбжь къалэдэсым. Хъыджэбзым зэрыжиlамкlэ, хамэ къэрал еджапlэ нэхъыщхьэхэм я зым щlэныгъэ щызригъэгъуэтыным пэкlуэр итын папщlэ сомхэр валютэкlэ ихъуэжын хуейт.

АБЫ мессенджерхэм я зым къыщигъуэтащ валютэхэр щэным, къэщэхуным пыщlа гуп. Администраторым хуэтхэщ, ихъуэжынымкlэ зэгурыlуэри, лей зытехьам къыхуагъэхьа номерхэм lыхьэ-lыхьэурэ иутlыпщащ сом мин 215-рэ. Ахъшэр зыхуигъэхьам иужькlэ зыкъригъэгъуэтыжакъым.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и полицэм и къудамэ №1-м и Следственнэ къудамэм абы теухуа уголовнэ lуэху къиlэтащ.

Полицэм фигу къегъэкlыж:

Гъэпцlакlуэхэм цlыхухэр дахьэх, я фейдэ зыхэлъхэр жыхуаlэхэр къыхуагъэлъагъуэурэ. Фэ езым Интернетым къыщывгъуэта апхуэдэ гупхэм дзыхь яхуэвмыщl!

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщl-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.290
Заказыр №1846
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Пхытlыкl Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.
Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.